ФИФӀ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ӀЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКӀУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКӀ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№111 (24.861) • 2025 гъэм фокӀадэм (сентябрым) и 13, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокӀ • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Ӏэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Ӏуэхущ1апӀэм къызэритамкӀэ



# Зэхыхьэ купщӀафӀэхэр къытоплъэ

**КъБР-м и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбек иджыблагъэ иригъэкӀуэкӀа зэӀущӀэр теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым мыгувэу щекӀуэкӀыну спорт, егъэджэныгъэ Ӏуэхугъуэхэм.**

ЗЭӀУЩӀЭМ хэтащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щӀэныгъэмкӀэ и министр **Езауэ Анзор**, спортымкӀэ министр **Хьэсанэ Ислъам**, щӀалэгъуалэм я ӀуэхухэмкӀэ министр **Лу Азэмэт**, лэжьыгъэмрэ цӀыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкӀэ къащхьэщыжынымкӀэ министр **Тогузаев ТӀэхьир**, курортхэмрэ туризмэмкӀэ министр **Быф Аскэр**, «Хэкум и хъумакӀуэхэр» къэрал фондым ди щӀыналъэм щиӀэ къудамэм и унафэщӀ **Дадэ МуӀэед**, республикэм щэнхабзэмкӀэ и министрым и къуэдзэ **Карчаевэ Ӏэминэ**.

Зэхуэсым щытепсэлъыхьащ жэпуэгъуэм и пэщӀэдзэм ди республикэм щекӀуэкӀыну «Хэкум и хъумакӀуэхэм я кубок» щӀыналъэ зэхуаку физкультурэ Ӏуэхугъуэм. Абы кърихьэлӀэну хуагъэфащэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щӀыналъэм щыщу СВО-м и ветеранхэм я лӀыкӀуэ цӀыхуи 100-м щӀигъу. Ахэр зэхьэзэхуэнущ сэ дзынымкӀэ, ӀэпщэкӀэ зэпеӀэнымкӀэ, стӀолыщхьэ теннисымкӀэ, фочкӀэ, шабзэкӀэ уэнымкӀэ, нэгъуэщӀ спорт лӀэужьыгъуэхэмкӀэ.

КъинэмыщӀауэ, ди республикэм зыхуегъэхьэзыр махуэ 33-кӀэ екӀуэкӀыну, «Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» лъакъуэрыгъажэмкӀэ зэпеуэм. Федеральнэ мыхьэнэ зиӀэ а зэхьэзэхуэм хэтхэм я гъуэгуанэр щышэщӀащ Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щӀыналъэхэм хиубыдэ щӀыпӀэхэм.

Апхуэдэу Налшык щаублащ «ЗэхъуэкӀыныгъэ инхэр» урысейпсо зэхьэзэхуэм и финал ныкъуэ зэпеуэр. Абы хэтщ Ипщэ федеральнэ щӀыналъэм, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щӀыналъэм хыхьэ щӀыпӀэ 15-м щылажьэ колледжхэм, техникумхэм, училищэхэм, лицейзэмылӀэужьыгъуэхэм щеджэ студент 500-м щӀигъу.

А псоми гупсэхуу зэхуэсым щытепсэлъыхьа нэужь, КӀуэкӀуэ Казбек къызэхуэсахэм пщэрылъ ящищӀащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекӀуэкӀыну Ӏуэхугъуэ псоми абыхэм кърихьэлӀэну цӀыхухэми яхуэфэщэн гулъытэ ирагъэгъуэтыну, хьэщӀагъэ, пщӀэ, нэмыс я лъэныкъуэкӀэ емыкӀу щымыӀэн хуэдэу.

# ПсэукӀэр егъэфӀэкӀуэнырщ нэхъапэр

**УФ-м и Правительствэм и УнафэщӀым и къуэдзэ Хуснуллин Марат иригъэкӀуэкӀа, ЩӀыналъэхэм зегъэужьынымкӀэ комиссэм и зэӀущӀэм видеоконференц ӀэмалкӀэ хэтащ КъБР-м и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбек.**

«ГЪАЩӀЭМ хуэщӀа инфраструктурэ» лъэпкъ проектым къриубыдэу зэӀузэпэщ ящӀыжыпхъэ объектхэмрэ 2025 гъэм зэлэжьыну адрей къэрал проектхэмрэ ятекӀуэдэну мылъкур зэрызэӀэпахыну, зэгурыӀуэныгъэхэр зэрызэращӀылӀэну щӀыкӀэм теухуат зэӀущӀэр. КъинэмыщӀауэ, и гугъу ящӀащ ухуэныгъэм хухагъэкӀ инвестицэхэр зэрылэжьэну пӀалъэхэр нэхъ кӀыхь пщӀыи, ухуэныгъэм текӀуадэ хьэпшыпхэм я уасэр драгъэуей зэрымыхъунуми. Инфраструктурэм и зыужьыныгъэм зэрелэжьыпхъэ кредит кърагын папщӀэ, зэхьэзэхуэм хыхьа щӀыналъэхэм къата лъэӀухэми тепсэлъыхьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъ пасэу зи цӀэ къраӀуа объектхэр зыхуей щыхуагъазэ. «Иджырей школ», «Унагъуэм зыщӀэгъэкъуэн», «ЩӀыпӀэхэм зегъэужьын», «Лышхым пэщӀэтын», «Узыншагъэм кӀэлъыплъ объектхэм я инфраструктурэр егъэфӀэкӀуэн», къэрал проектхэм йолэжь, щӀыналъэм щызэфӀах проектхэу «Къалэхэр ущыпсэуну тынш щӀын», къэрал программэхэу «Щэнхабзэм и зыужьыныгъэр», «КИФЩӀ-м и зыужьыныгъэр», ухуэныгъэхэр щӀыхъейм хуэхьэзыру зэрыщытыпхъэм епхахэр мэлажьэ. Гъуэгу ухуэныгъэм щызэфӀах «ЩӀыналъэмрэ щӀыпӀэмрэ я гъуэгухэр», «Гъуэгу хозяйствэм зэрызиужьыпхъэ мардэхэр», «Гъуэгухэр шынагъуэншэ щӀын» проектхэр.

«Проектрэ программэу республикэм щылажьэ 32-м текӀуадэ ахъшэр мы гъэм сом мелард 11-м нэсащ. Ди плъапӀэ нэхъыщхьэр цӀыхухэм я псэукӀэр едгъэфӀэкӀуэнырщ, аращ сыт щыгъуи ди Президент Путин Владимир зытепсэлъыхьыр, - жиӀащ КӀуэкӀуэ Казбек. - Республикэр жыджэру проектхэмрэ программэхэмрэ зэрыхэтым и фӀыгъэкӀэ еджапӀэхэр, медицинэ ӀуэхущӀапӀэхэр, щэнхабзэм, спортым пыщӀахэр, классщӀыб лэжьыгъэ езыгъэкӀуэкӀ, щӀалэгъуалэм яхуэщӀа унэхэр зыхуей худогъэзэф, гъуэгухэмрэ псы кӀуапӀэхэмрэ зэӀузэпэщ дощӀ. Инфраструктурэм делэжьыху, псэуалъэхэмрэ промышленнэ ухуэныгъэхэмрэ зауэж. Къэралыр къызэрыддэӀэпыкъум и фӀыгъэкӀэ мэкъумэшымрэ туризмэмрэ хьэрычэтыщӀэхэр етшэлӀэну Ӏэмал догъуэт».

# И чэзум зэпкърах

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хабзэр къызэгъэпэщыныымкӀэ зэпымыууэ лажьэ и зэзыгъэуӀу гупым и зэӀущӀэ КъБР-м и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбек иригъэкӀуэкӀащ. Абы щытепсэлъыхьащ щӀалэгъуалэ политикэмрэ щӀыналъэм и жылагъуэ Ӏуэхухэм ехьэлӀа зи чэзу къалэнхэмрэ.**

ХЪЫБАРЕГЪАЩӀЭ-телекоммуникацэ Ӏэмалхэр къагъэсэбэпу ялэжь щӀэпхъаджагъэхэр гъэмэщӀэным хуэгъэзауэ ирагъэкӀуэкӀ лэжьыгъэхэм я гугъу ищӀу къэпсэлъащ къэрал кӀуэцӀ ӀуэхухэмкӀэ министру КъБР-м щыӀэ **Крючков Вячеслав**.

ЩӀалэгъуалэр гуп мыхъумыщӀэхэм, залымыгъэ лэжьыным хуэгъэпсахэм щыхъума хъуным, балигъ мыхъуахэр хабзэм емыгъэбэкъуэным, щэнхабзэ унэтӀыныгъэ зэхуэмыдэхэм зэрызаубгъум тепсэлъыхьащ лъэпкъ Ӏуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкӀэ министр **КӀурашын Анзор**, КъБР-м бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкӀэ, связымрэ цӀыхубэ зэпыщӀэныгъэхэмкӀэ и министр **Бозий Аскэр**, щӀалэгъуалэм я ӀуэхухэмкӀэ министр Лу Азэмэт, спортымкӀэ министр **Хьэсанэ Ислъам**, Аруан муниципальнэ щӀыналъэм и администрацэм и Ӏэтащхьэ **ЛӀыжьыкъуэ Хьэзрит**.

Зытепсэлъыхьа Ӏуэхухэм зэреплъэхэр къагъэлъэгъуащ къызэхуэсахэм икӀи адэкӀэ зэрылэжьэну щӀыкӀэм теухуа унафэхэри къащтащ.

# «Лэгъупыкъум» ирегъэблагъэ

**Хабзэ хъуауэ, иужьрей илъэсхэм ди республикэм зыщагъэпсэху гъунэгъу щӀыналъэхэм щыщ сабийхэми балигъхэми. Апхуэдэу Налшык дэт «Лэгъупыкъу» санаторэм иджыблагъэ къэкӀуащ Донецк ЦӀыхубэ Республикэм щыщ сабий гуп, я адэ-анэхэр я гъусэу.**

ЦӀЫХУ 20 хъу сабий гупымрэ абыхэм ящӀыгъу балигъхэмрэ тхьэмахуищкӀэ щыхьэщӀэнущ ди республикэм. НыбжьыщӀэхэм я узыншагъэр ирагъэфӀэкӀуэнущ, загъэпсэхунущ, я нэгу зрагъэужьынущ. Сабийхэм медицинэ ӀэщӀагъэлӀ зэмылӀэужьыгъуэхэр къеплъынущ, щхьэж зыгъэпӀейтейм елъытауэ. Абыхэм санаторэм зэманыр щагъэкӀуэнущ, зыхуей щыхуэзэу, тхуэнейрэ ӀэфӀу, къэуату ягъашхэу, я гукъыдэжыр къэзыӀэтыну Ӏуэхугъуэхэр къыхузэрагъэпэщу.

Республикэм и УнафэщӀым Интернетым щиӀэ напэкӀуэцӀым зэрыщитхымкӀэ, ныбжьыщӀэхэм ди щӀыналъэм зэрыщыӀэну махуэхэр гукъинэж, гуапэ яхуэхъуным елӀэлӀэнущ «Лэгъупыкъум» и лэжьакӀуэхэри ар зи пщэрылъ псори.

# Лъэхъэнэщӏэм къапэщылъхэр

**КъБР-м и Парламентым и бжьыхьэ лэжьэгъуэм и япэ зэӀущӀэр, зэрыхабзэу, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я къэрал гимнхэмкӀэ къызэӀуахащ. Псом япэ къиихуэу, республикэм и хабзэубзыху ӀуэхущӀапӀэм и УнафэщӀ Егоровэ Татьянэ зэман гъунэгъум зэлэжьынухэр къигъэлъэгъуащ.**

- БЖЬЫХЬЭ лэжьэгъуэм Ӏуэхугъуэ куэд къытпэщылъщ зэфӀэдгъэкӀын хуейуэ. Псом хуэмыдэу ди тегъэщӀапӀэр УФ-м и Президент Путин Владимир къэралым и зыужьыныгъэм теухуауэ Ӏэ зыщӀидза Унафэмрэ КъБР-м и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбек КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъазэмрэ къыщыгъэлъэгъуахэрщ. ЦӀыхухэм я узыншагъэр егъэфӀэкӀуэныр, зэӀузэпэщу псэуныр, экономикэм зегъэужьыныр, нэгъуэщӀ куэди къызэщӀеубыдэ абы, - жиӀащ Егоровэ Татьянэ. - Ди къэралым и Президентым мызэ-мытӀэу къыхигъэщащ къалэн нэхъыщхьэу диӀэхэм зэращыщыр бынунагъуэхэм защӀэгъэкъуэныр. Законопроектхэм дыщелэжькӀэ, псом япэу ди нэӀэ ятетын хуейщ бын куэд зыпӀ унагъуэхэм. АхъшэкӀэ зэрызащӀэдгъакъуэм къыдэкӀуэу, узыншагъэ, егъэджэныгъэ, спорт, щэнхабзэ ӀуэхухэмкӀи щӀэблэм зэрызаужьынур къахуэздгъэпэщыпхъэщ. КъищынэмыщӀауэ, сыт щыгъуи хуэдэу, ди къалэн нэхъыщхьэщ дзэ Ӏуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ дадэӀэпыкъуныр.

Егоровэм депутатхэр къыхуриджащ дзэ Ӏуэху хэхам щыӀэхэм я унагъуэхэмрэ къалэн зыгъэзащӀэу къэкӀуэжа зауэлӀхэмрэ, гугъуехь къахукъуэкӀ хъужыкъуэмэ, я нэӀэ трагъэтыну, хэкӀыпӀэхэр къахуэгъуэтынымрэ лӀыхъужьхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымрэ я лъэныкъуэкӀэ яхузэфӀэкӀ къамыгъэнэну.

(КӀэухыр 2-нэ нап.).

Адыгэ Псалъэ • apkbr.ru • adyghe@mail.ru • smikbr.ru Адыгэ Псалъэ



# Лъэхъэнэщ1эм къапэщылъхэр

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)*

- Бжьыхьэ лэжьэгъуэм догъэхьэзыр къэкIуэну илъэсым республикэм и бюджетыр зыхуэдэнур. А Iуэхуми дэ сыт щыгъуи жэуаплыныгъэ тхэлъу дыбгъэдохьэ. ДяпэкIи абы къыщыдгъэлъэгъуэн хуейщ республикэм щыпсэухэм нэхъыбэу ящхьэпэну Iуэхугъуэхэр зэрызэфIэдгъэкIынур, - пищащ къэпсэлъам. - Къэпщытэныгъэ Iуэхухэм я гугъу пщIымэ, апхуэдэ лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэу 30-м нэс едгъэкIуэкIынущ. Ахэр къызэдгъэпэщынущ «стIол хъурейхэм», «Правительствэм хухэтх сыхьэтхэм», комитетхэм я зэIущIэхэм япкъ иткIэ. Псалъэм папщIэ, дызэрыт мазэм Дзэлыкъуэ районым дыкIуэну тедухуащ, къуажэм спортым зэрызыщрагъэужьым зыщыдгъэгъуэзэну. ЩэкIуэгъуэм ди мурадщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэ мыинхэр зэрырагъэфIакIуэ щIыкIэм Бахъсэн дыщытепсэлъыхьыну. Ди мурадщ гу-лъынтхуэ хирургием епха дэIэпыкъуныгъэр республикэм къызэрыщызэрагъэпэщымрэ технологие лъагэхэр дызэриIэмрэ ятеухуа зэIущIэ едгъэкIуэкIыну. Сыт хуэдэ Iуэху и лъэныкъуэкIи псынщIэу ахэр зэрызэфIэтхыным иужь дитын хуейщ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым къыхигъэщащ Мурманск, Иркутск щIыналъэхэм я хабзэубзыху зэхуэсхэм зэрадэлэжьэну зэгурыIуэныгъэм Iэ зэрыщIадзынум зэрыхуэхьэзырыр. Апхуэдэуи жэпуэгъуэ мазэм Iэ щIадзынущ Осетие Ищхъэрэ - Аланием и Парламентым зэрыдэлэжьэну зэгурыIуэныгъэм. Депутатхэр хэтынущ Кавказ Ищхъэрэм и Парламент Зэгухьэныгъэм и XII конференцым. «ЗэрыжысIащи, лэжьыгъэшхуэ къытпэщылъщ. Шэч къытесхьэркъым, мы зэман мытыншым ди Iуэху бгъэдыхьэкIэм ди зыужьыныгъэр елъытауэ зэрыщытынур дэтхэнэми къызэрыгурыIуэм», - дыщIигъуащ Егоровэм.

ЗэIущIэм щыхахащ суд Iуэхущ1апIэ зыбжанэм я зэзыгъэкIуж хеящIэхэр. Дзэлыкъуэ районым и суд IуэхущIапIэ №1-м а къулыкъур щихьыну хуагъэфэщащ Хъуэст Къантемыр, Май районым и суд IуэхущIапIэ №1-м - Шунгаров Шамил.

Депутатхэм къащтащ «Административнэ хабзэхэр къызэпемыгъэудынымкIэ КъБР-м и Кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «КъБР-м и туризм Iуэхум ехьэлIауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 5-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «Псы щIыпIэхэр къэгъэсэбэпынымрэ хъумэнымрэ я IуэхукIэ», КъБР-м и Законым и Iыхьэ 3-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ», «КъБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ къызэрыщызэрагъэпэщым ехьэлIауэ» КъБР-м и законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ», «КъБР-м ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ щIэинхэр (фэеплъхэр) хъумэным теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 12 - 13-хэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным», «Щэнхабзэм теухуауэ» КъБР-м и законым и Iыхьэ 54-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным ехьэлIауэ» КъБР-м и законхэм я проектхэр.

ЗэIущIэм щедэIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр 2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм зэрагъэзэщIам теухуауэ республикэм и Правительствэм къызэщIикъуэжам. Абы тепсэлъыхьащ КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лисун Еленэ**.

Депутатхэр арэзы техъуащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я нэIэм щIэмыту къэнахэмрэ зэращыдэIэпыкъу Iэмалхэм дыщIагъухэм ятеухуауэ» КъБР-м и Законым халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм. КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Мокаев Ачемез** жиIащ дэфтэрыр КъБР-м и Правительствэм къызэрыхилъхьар икIи сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я нэIэм щIэмытхэмрэ псэупIэ зэрырат лэжьыгъэр абы нэхъ зэригъэпсынщIэнур. «КъБР-м и Iэтащхьэм и жэрдэмкIэ, къыхэтлъхьащ зи ныбжьыр илъэс 18 - 22 хъуа сабий зеиншэхэм унэ къызэращэхун ахъшэ етыныр. Законым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, а Iэмалыр къагъэсэбэпыну хуитщ налог щIыхуэ зытемылъхэм, уголовнэ Iуэху зимыIэхэм, нарколог, психиатр учётым щымытхэм, апхуэдэуи щытыкIэ гугъу имыту езыр-езыру ахъшэр къеIызыхыфынухэм», - къыхигъэщащ абы. Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, сабий зеиншэхэм ящыщу мы зэманым псэупIэ хуэныкъуэ цIыху 1502-м ящыщу 1100-м щIигъур балигъ ныбжьым нэсащ.

КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ** жиIащ законопроектыр зэрыщхьэпэнур. Псом хуэмыдэу псэупIэхэр къэлъыхъуэнымрэ тегуэшэнымрэ къыхэкI лъэпощхьэпохэр абы игъэмэщIэнущ, къэрал дэIэпыкъуныгъэр зэрагъэзащIэм и фIагъым хигъэхъуэнущ. «Законым ирегъэфIакIуэ сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я нэIэм щIэмытхэмрэ къэралым унэ яритынымкIэ щыIэ Iэмалхэр. Къыхалъхьэ дэIэпыкъуныгъэр къэзыгъэсэбэпыну хуитхэм хеубыдэ сабий 600-м щIигъу», - къыхигъэщащ Емузым.

ЗэIущIэм арэзы щытехъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэ-Аланиемрэ я Парламентхэр зэрызэдэлэжьэну зэгурыIуэныгъэм.

УФ-м и сенатор - КъБР-м и Парламентым и лIыкIуэ, ФедерацэмкIэ Советым БюджетымрэфинансIуэхухэмкIэ и унафэщIым и япэ къуэдзэ **Ульбашев Мухьэрбий** дызэрыт илъэсым и гъатхэ лэжьэгъуэм зэфIагъэкIа лэжьыгъэм тепсэлъыхьащ.

Абы къыхигъэщащ блэкIа илъэс ныкъуэм ФедерацэмкIэ Советым и зэIущIэу 13 зэрекIуэкIар, абыхэм законопроект 355-м зэрыщыхэплъар. Сенаторыр къытеувыIащ Хэкум и хъумакIуэм и илъэсым гулъытэ щхьэхуэ зэрыхуащIар зауэлIхэм, дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрызыщIагъакъуэм. «Къэтщта законхэр теухуауэ щытащ СВО-м хэтхэм я бынхэр еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэрыщIагъэтIысхьэм, дзэ Iуэхум и ветеран цIэр зэрыхуагъэфащэ щIыкIэм зегъэубгъуным, СВО-м хэтхэм я Iыхьлыхэм зыгъэпсэхугъуэ махуэ лейуэ къащтэну хуиту зыгъэлажьэхэм къалэн зэращытщIым», - жиIащ къэпсэлъам.

Ульбашевыр тепсэлъыхьащ Бюджетымрэ финанс IуэхухэмкIэ комитетым и лэжьыгъэм. «УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къыдиIыгъащ психоневрологическэ сымаджэщым и унэр зэгъэпэщыжыным сом мелуан 76-рэ федеральнэ бюджетым иджыри къыхухигъэкIыныр. А сымаджэщри республикэм нэгъуэщI и социальнэ IуэхущIапIэхэри зыхуей хуэгъэзэным икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ, - пищащ къэпсэлъам. - 2025 гъэм ди щIыналъэм бюджет трансферт щхьэхуэу къыIэрыхьар псори зэхэту сом мелуан 300-м нэблагъэ мэхъу». Апхуэдэуи сенаторым жиIащ зэман гъунэгъум УФ-м и Правительствэм 2026 гъэм и бюджетыр къызэрыхилъхьэнур. Абы депутатхэр щигъэгъуэзащ киберщIэпхъаджагъэм пэщIэтыным, цIыхухэр абы щыхъумэным, «цифровой рубль»-р гъащIэм хэпщэным, нэгъуэщIхэми теухуауэ къащта законхэм.

Иужьу Ульбашевым жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэр, щIыналъэ унафэщIхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр щIыналъэм и пщэм дэлъ къалэнхэм зэгъусэу зэрелэжьыр зэрыщхьэпэр, республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщI Егоровэ Татьянэ фIыщIэ зэрыхуищIыр.

Егоровэ Татьянэ жиIащ федеральнэ законхэмрэ гугъуехь щыIэхэмрэ ятеухуауэ сенаторыр республикэм и депутатхэм къазэречэнджэщым мыхьэнэшхуэ иIэу къызэрилъытэр, ахэр эфир занщIэкIэ къызэрагъэлъагъуэм и фIыгъэкIэ абы и лэжьыгъэм щIыналъэм щыпсэухэми зыщагъэгъуэзэну Iэмал зэраIэр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ**.

# Парламентым и Аппаратым и унафэщIыр хах

**КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр екIуэкIащ. Псом япэу абы щыхэплъащ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и Аппаратым и унафэщI къулыкъур зыхуагъэфащэм**.

«КъБР-м и Парламентым теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 21-м тету, хабзэубзыху IуэхущIапIэм и унафэщI Егоровэ Татьянэ а къулыкъур хуэфащэу къигъэлъэгъуащ Журт Роберт Биберд и къуэр.

Журт Роберт 1962 гъэм Налшык къалэм къыщалъхуащ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым «правоведение», «экономикэ» IэщIагъэхэр щызэригъэгъуэтащ. Ар щылэжьащ комсомол, парт IуэхущIапIэхэм, КъБАССР-м и Къэрал планым экономист къулыкъур щиIыгъащ, Ленинымицlэр зезыхьэ район финанс къудамэм и унафэщIу, Налшык къалэм и мылъку фондым и унафэщIу лэжьащ.

- Журт Роберт и щIыбагъ лэжьыгъэшхуэ къыдэлъщ: къэрал, хабзэубзыху, суд IуэхущIапIэхэм и гуащIэ ирихьэлIащ, - къыхигъэщащ Егоровэм. Абы жиIащ КъБР-м и Парламентым и япэ зэхуэсым Республикэм и советым и депутату ар зэрыхахыгъар, икIи ЗаконодательствэмкIэ, хабзэм тегъэтынымкIэ, цIыхум и шынагъуэншагъэмрэ хуитыныгъэхэмкIэ комиссэм хэту зэрылэжьар. Апхуэдэуи зэзыгъэкIуж хеящIэм и къулыкъум ар пэрытащ, и гуащIэр къэрал дамыгъэ куэдкIэ къалъытащ.

- Ахэр ди тегъэщIапIэу, КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и унафэщI къулыкъум Журт Роберт хуэфащэу къэдгъэлъэгъуэну тфIэигъуэщ. Илъэс куэд хъуауэ лэжьыгъэм зэрыпэрытым къыхэкIыу, абы и зэфIэкIыр а къулыкъум къыщигъэщхьэпэфыну къыдолъытэ, - жиIащ Егоровэм.

Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ Парламентым и комитетым и унафэщI Кривко Михаил дыщIигъуащ Журтыр илъэс 20-м щIигъукIэ судым зэрыщылэжьар, КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм абы щытхъу зэрыщиIар.

Апхуэдэ псалъэ гуапэхэр Журтым хужаIащ КъБР-м и Парламентым хэт фракцэхэм я унафэщIхэми. Депутатхэм Iэ яIэтащ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и унафэщIу Журт Роберт ягъэувыну зэрыарэзымкIэ.

Егоровэ Татьянэ Журтым ехъуэхъуащ ехъулIэныгъэфIхэр лэжьыгъэм щиIэну.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ «Административнэ хабзэхэр къызэпемыгъэудынымкIэ КъБР-м и Кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «Егъэджэныгъэм и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 10-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законхэм я проектхэм. КъищынэмыщIауэ, депутатхэр къытеувыIащ федеральнэ законхэмрэ УФ-м и щIыналъэхэм къыхалъхьэ жэрдэмхэмрэ.

Депутатхэм къызэщIакъуэжащ хабзэубзыху IуэхущIапIэм къэпщытэныгъэ Iуэхум хыхьэу ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэри.

КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш IэнатIэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунеймкIэ и комитетым и унафэщI ТекIушэ Артур къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ «КъБР-м къуажэхэм зэрызыщрагъэужьыр» къэрал программэм зэрелэжьыпхъэм теухуауэ хабзэубзыху IуэхущIапIэм къищта унафэхэр зэрагъэзащIэм.

ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу IэнатIэмкIэ комитетым и унафэщI Къалмыкъ Марат тепсэлъыхьащ республикэм и гъуэгухэм я фIагъымрэ шынагъуэншагъэмрэ егъэфIэкIуэнымкIэ «Правительствэм хухах сыхьэтым» къыщащта унафэхэм зэрелэжьым.

ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и махуэшхуэр къызэрыблагъэр къалъытэри, зэIущIэм къыщащтащ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъкIэ еджапIэ нэхъыщхьэм и лэжьакIуэ зыбжанэ зэрагъэлъэпIэнум теухуа унафэр.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

# Зэныбжьэгъугъэм и шэсыпIэ

**ФокIадэм и 12 - 14-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэхэм щекIуэкIынущ «Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» фIэщыгъэр зезыхьэ, лъакъуэрыгъажэмкIэ 33-нэ зэхьэзэхуэм и 9 - 11-нэ Iыхьэхэр. Спортсменхэм махуэ зыбжанэм къриубыдэу ди республикэм щызэпачыну къапэщылъщ псори зэхэту километр 380-м щIигъу гъуэгуанэр**.

А КЪЫЗЭДЭЖЭР траухуащ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 мы гъэм зэрырикъуам.

Налшык къалэм Абхъазым и утыкум фокIадэм и 12-м зэпеуэр щрагъэжьащ икIи фокIадэм и 14-м Безенги аузым ар щаухынущ.

Зэхьэзэхуэр 1994 гъэм щегъэжьауэ ирагъэкIуэкI икIи Урысей Федерацэм лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ и чемпионатхэм я зы Iыхьэу щытщ. Хабзэ зэрыхъуауэ, абы щызэпоуэ УФ-м, Белоруссием, Къэзахъстаным, Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм я командэхэр.

Мыгъэрей зэпеуэр щекIуэкIынущ Адыгейм, Краснодар крайм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Шэшэным я щIыналъэхэм. А махуэхэм къриубыдэу псори зэхэту километр 1500-рэ гъуэгуанэ спортсменхэм къызэранэкIынущ.

Зэхьэзэхуэм къирикIуахэм ятеухуа хъыбар ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэм тетынущ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег**.



**Щапхъэ**

# ЛІыхъужьу къалъхуркъым

**Ди Хэкур лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ и щапхъэу сыт щыгъуи щытащ. Нобэ дзэ Іуэху хэхам хэт ди щІалэхэми пащэ а хабзэфІым. Махуэ къэс лІыгъэ щІапІэ Іутхэм я Хэкур фІыуэ зэралъагъур, ар сыт хуэдэ шынагъуэми щахъумэну зэрыхьэзырыр къагъэлъагъуэ, «хэкупсэ» псалъэм и мыхьэнэр абыхэм хьэкъыу япхыкІами ярейуэ. Апхуэдэхэрщ лъэхъэнэм и лІыхъужькІэ зэджэр.**

ИЛЪЭСИЩЫМ щІигъуауэ екІуэкІ дзэ Іуэху хэхам и зы махуэ щІагъуи хэту къыщІэкІынкъым ди щІалэхэм бгъэщІэгъуэн лІыхъужьыгъэ зэрамыхьауэ. Нэхъыщхьэжращи, дыщыпсэу къэралым ис лъэпкъ псори зэшым хуэдэу зэкъуэувауэ я къалэныр ягъэзащІэ. Нартан къуажэм щыщ Хьэбылэ Анзор Руслан и къуэри 2022 гъэм щегъэжьауэ абы щыІэщ.

ЛІыхъужьым жеІэ: «ЗауэлІым нэхъ цІыхухъу ІэщІагъэ щыІэу сщІэркъым. Хэкур тхъумэну сытым дежи дывыфын хуейщ. Уи унагъуэм, уи лъахэм я шынагъуэншагъэм Іуэхур теухуа щыхъум, уи щхьэм пщІэ хуэпщІыжмэ, узыщысхьыжи узыщысхьыжыну апхуэдэ хуитыныгъи зэптыж хъунукъым».

Хьэбылэ Анзор 42-нэ гвардие дивизэм и 70 мотострелковэ полкым и командирщ, «Кабарда» цІэ леймкІэ къацІыху. Суворовым и медалыр (2022 гъэм), «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и етІуанэ нагъыщэм и медалыр (2023 гъэм), ЛІыхъужьыгъэ орденыр (2023, 2024 гъ.гъ.), «И хахуагъэм папщІэ» медалым и етІуанэ нагъыщэр (2024 гъэм) щІалэм къыхуагъэфэщащ. Нэгъабэ Хьэбылэм полковник цІэр къыфІащащ. КъедбжэкІахэр, дауи, ехъулІэныгъэшхуэщ, ауэ абыхэм я щІыбагъ лэжьыгъэ мытынш, язынықъуэми псэзэпылъхьэпІэ куэд къызэрыдэтырщ узэгупсысыр.

«Сропагэ икІи сахуэарэзыщ си унафэм щІэт полкым хэт дэтхэнэ щІалэми», - жеІэ Анзор. Гуп унафэщІым апхуэдэ псалъэхэр щыжиІэкІэ, и нэІэм щІэтхэр тригъэгушхуэ къудейкъым, атІэ гудзакъэ зэриІэри наІуэ пщещІ. 42-нэ дивизэм и 70 полкым къулыкъу щызыщІэхэм Урысейм и ЛІыхъужьу 12 хэтщ, СВО-м зэрыщІидзэрэ орденхэмрэ медалхэмрэ иратащ зауэлІ мини 5-м нэблагъэм.

Илъэс хъуауэ Іумыхьэфу, Запорожскэ щІыналъэм щыІэ Малая Токмачкэ жылэм деж зыщызыгъэбыдауэ щыта ВСУ-м теуэу, щІыпІэр мы бадзэуэгъуэм щхьэхуит къызэращІыжыфар зи фІыщІэр Анзор и полкырщ. Абы щыгъуэм къащтэну яхуэзэфІэкІащ мыхьэнэшхуэ зиІэ «быдапІэр» - чырбыш заводыр. ЕбгъэрыкІуэныгъэм щыщІадзам, зауэлІхэр зытес бронетехникэм шэ къытехуат, зэхикъутэпэным нэсауэ, ауэ къуажэ дыхьэпІэм нэсри яхэуащ, уеблэмэ мафІэ къызыщІэна бронетехникэм къигъэзэжыфащ. Абы хиша лъагъуэм тету, мотоциклхэр ирагъэжьащ. Шэр къызытрагъэлъэлъа техникэр мафІэм щисым, абыхэм теса зауэлІхэм къикІуэтын жыхуэпІэр ягу къагъэкІагъэхххэкъым - лъэсу, дэтхэнэми килограмм 60-м нэс Іэщэ и плІэм дэлъу, я мурадыр зэрызрагъэхъулІэным пащащ.

- Шэч хэмылъу, лэжьыгъэшхуэ зэфІигъэкІащ ди гупым, блэкІа махуэхэр уи нэгу къыщІэбгъэхьэжынри гугъущ, - жеІэ Анзор. - СВО-м щІимыдзэ ипэ, Малая Токмачкэ къуажэм цІыху мини 10-м нэс дэсащ. Ар Ореховэ къалэм къыпэщылъ федеральнэ трассэм хуозэ. Абы дыдыхьэн щхьэкІэ 70 полкым и зауэлІхэм я къалэнт псом япэ чырбыш заводыр къащтэну. Ар тыныштэкъым, сыту жыпІэмэ ухуэныгъэр быдэ дыдэт - метррэ ныкъуэрэ хъу блынхэр кътэгъуафІэтэкъым. Абы къыдэкІуэу, СИЗО-ри къэщтэн хуейт. Абыи и гугъуагъыр зэпхар радиоэлектроннэ ІэмалхэмДи зэпыщІэныгъэхэр къызэралъахъэрт. Авиацэмрэ артиллериемрэ къэдгъэсэбэпын хуей хъуащ. Сыхьэтыр 04:12-м тутнакъым къыІухьа ВСУ-м и автомобилхэмрэ и къарухэмрэ зэхэткъутащ. Нэхущым, 05:46-м мотоциклистищ чырбыш заводым щебгъэрыкІуэм, абыхэм къахэуащ: мотоциклхэр мафІэм ес, ауэ тесахэр къимыкІуэтауэ мажэ... Дапщэщи хуэдэу, дунейм ялъэгъуащ урыс зауэлІыр зэрыкъэмылэнджэжыр. Сыхуэарэзыщ а Іуэху мытыншыр зи гуащІэ, зи пщІэнтІэпс дэкІа дэтхэнэ зауэлІми, - жеІэ Хьэбылэм.

ЛІыхъужьым командир къулыкъум пылъ



жэуаплыныгъэр фІыуэ зыхещІэ: «Дунейр щымамырым деж гуп унафэщІу ущыщытымрэ зауэм уи пщэ къыщыдэхуэ къалэнхэмрэ адыгэм «шурэ лъэсрэ я зэхуакущ» жыхуаІэм хуэдэщ. Уи щхьэм и мызакъуэу, уи нэІэм щІэт дэтхэнэми папщІэ пхьы жэуаплыныгъэр нэхьыбэж мэхъу. ХэщІыныгъэ щыплъагъукІи, псэкІэ умыгъэвын плъэкІыркъым. ДыхуэщІокъу хэщІыныгъэхэр сыт хуэдизкІи зэрынэхъ мащІэнум. Псом хуэмыдэу техникэкІэ дыкъызэрызэгъэпэщам гулъытэ хэха худощІ, иджыпсту куэд зэлъытар аращ».

Хьэбылэ Анзор дзэ Іуэху хэхам майор цІэр иІэу щІидзащ, полк унафэщІым и къуэдзэу. Мы зэманым, къызэрыхэдгъэщащи, полковникщ, гупым илъэсым щІигъуауэ я командирщ. Курыт школ нэужьым Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и физико-математикэ факультетымрэ Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ Урысей университетымрэ и юридическэ къудамэмрэ (РУДН) къиухащ. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтауэ дзэм къулыкъу щищІэну щраджэм, куэдрэ емыгупсысу кІуащ. Армением дзэ къалэнхэр щигъэзащІэри къэкІуэжащ, ауэ и зауэлІ фащэр игъэтІылъыжыпакъым. «Сызыхуей ІэщІагъэр абы къыщызгурыІуат. Военкоматым сыщыкІуам, 2008 гъэрати, Куржым зауэр къыщыщыхьеину дыдэм ирихьэлІат. Абы къалэн щыдгъэзэщІащ, къэдгъэзэжащ, иужькІэ Сириер къыкІэлъыкІуащ - апхуэдэурэ мы ІэнатІэм сыпэрыхьа хъуащ», - жеІэри, лІыхъужьым занщІэуи дыщІегъуж, къыхиха гъуэгуанэм зэрыхуэщІемыгъуэжыр: «Юрист ІэщІагъэри ирилажьэхэр армырами ирикъуу къысщохъу. Сэ мыбдеж сыкъыщысэбэпмэ нэхъ къызощтэ».

Хьэбылэ Анзор и мурадхэм яхэтщ Урысей Федерацэм ІэщэкІэ зэщІэузэда и Къарухэм и дзэ академием къэрал гъунапкъэхэр зыхъумэ дзэхэм я еджапІэ-щІэныгъэ центрыр къиухыну. ЗэкІэ, дзэ Іуэху хэхар екІуэкІыху, заочнэщ.

ЛІыхъужьым и ныбжьэгъу пэжу илъэс куэд хъуауэ къыдекІуэкІ, полицэм и подполковник Ервас Ахьмэд къыджеІэ: «Илъэс 25-рэ хъуауэ Анзоррэ сэрэ дыкъызэдогъуэгурыкІуэ, КъБКъУ-м дыщыщеджам дызэрыцІыхуауэ. Ар и хьэлкІи, дуней тетыкІэкІи зэрызэпІэзэрытым, лІыгъэ зэрыхэлъым абы щыгъуэм иджыри гу лъыттат. Дзэ кафедрэм дыщекІуалІэм, Анзор и макъыр хэкъузауэ, ар екІуу зэрыпсалъэм щхьэкІэ, жетІэрт гупым и пашэ абы къызэрыхэкІынур. ДыгушыІэу «генерал ухъунущ уэ» щыжытІи щыІэт. Армением зэгъусэу къулыкъу щытщІа нэужь, абы контрактым Іэ тридзэри, а ІэщІагъэр къыхихащ, сэ МВД-м сыхыхьащ. Адыгэ унагъуэ къыщыхъуащ, нэхъыжь нэхъыщІэ ищІэу, гъэсэныгъэ хэлъу. Сэ зэрысщІэмкІэ, курыт школри абы дыщэ медалкІэ къиухауэ щытащ, фІыуэ еджащ, акъыл зыбгъэдэлъ щІалэщ. Мы зэманми дызэрощІэри, икъукІэ дрогушхуэ Анзор и лІыгъэм. Махуэ къэс жыхуаІэм хуэдэу, абы и ехъулІэныгъэхэр зэхыдох, нэгъуэщІ гупхэм хэтхэми щытхъу куэд къыхужаІэри, и зэфІэкІым дыщогугъыІкІ. Урысейм и ЛІыхъужь хъуну дыщогугъ».

Нобэ дэ телевизоркІэ хъыбарыщІэхэм дыщеплъкІэ, мыпхуэдэ лІыхъужьхэм я хъыбархэр щызэхэтхкІэ, зи гугъу ящІыр ди нэІуасэ дыдэу щымытми, дызэрыпагэ гурыщІэ зэхуэмыдэхэр зыхыдощІэ. Шэч къызытедмыхьэращи, ныбжьэгъум и псалъэм къызэрыхьэщауэ, Хьэбылэ Анзор хуэдэхэрщ щІыхьыщІэ лъагэхэр зыхуагъэфэщэр, генерал цІэр иІэу къигъэзэжауи Тхьэм дигъэлъагъу.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

---

**КъБР-м щыІэ МВД-м**

# Ар псоми ди зэхуэдэ гукъеуэщ

**Іуэхущ ІапІэ зыбжанэм я лІыкІуэхэр хэту ирагъэкІуэкІ «Іущхьэ-2025» лэжьыгъэм и етІуанэ Іыхьэм къерикІуахэр республикэм къыщапщытэжащ.**

2025 гъэм накъыгъэ - жэпуэгъуэ мазэхэм къриубыдэу республикэм и щІыналъэ псом щекІуэкІ «Іущхьэ-2025» ІуэхумкІэ я мурад нэхъыщхьэр езыр-езыру къэкІ наркотикхэкІхэр щэным пыщІа хабзэншагъэхэр къыщІэгъэщыныршц, апхуэдэ къэкІыгъэхэр, наркотикхэкІхэр е акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр зыхэлъхэр щыхаса е езыр-езыру къыщыкІ щІыпІэхэм щигъэкъэбзыкІыныршц. Полицэм и лэжьакІуэхэм Іэмалхэр къагъэсэбэп акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр зыхэлъ къэкІыгъэхэр хэсэным, наркотикхэкІхэр щэным пыщІахэр убыдыным икІи жэуапым ешэлІэным теухуауэ.

Іуэхум и етІуанэ Іыхьэу бадзэуэгъуэм и 18 - 25-хэм ирагъэкІуэкІам ипкъ иткІэ республикэм и полицейхэм уголовнэ Іуэхуи 6 къаІэтащ езыр-езыру къэкІ наркотикхэкІхэр зэращэм ехьэлІауэ, абыхэм ящыщу 2-р наркотикхэкІхэр игъэхьыным, 4-р хъумэным пыщІащ. Уголовнэ жэуапым ирашэлІащ цІыхуи 7, 5-м ехьэлІауэ ятхащ административнэ протоколхэр.

НаркотикхэкІхэр зыхэлъ къэкІыгъэхэр (щІэп) щраупщІыкІащ гектари 2,3-м щІигъум.

КъБР-м щыІэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэбграгъэкІым кІэлъыплъынымкІэ и управленэм цІыхухэр къыхуреджэ набдзэгубдзаплъэу щытыну, акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр зыхэлъхэр къыщыкІ щІыпІэхэм щыгъуазэмэ, хабзэхъумэ ІэнатІэхэм, къалэ, къуажэ администрацэхэм, район администрацэхэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ я къудамэхэм хъыбар ирагъэщІэну.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

---

**УФСБ-м къет**

# Бюджет ахъшэшхуэ зыкІэщІиупщІащ

**«Бетон Групп гъуэгу-ухуакІуэ щІыналъэ компание» ООО-м и унафэщІ Караханян А. Р. илэжь хабзэншагъэр къыщІагъэщащ Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм.**

НАІУЭ къызэращІамкІэ, абы игъэхьэзыращ Дзэлыкъуэ районым автомашинэхэр щызекІуэ гъуэгухэр зэпэщ щІыным ехьэлІа лэжьыгъэхэр иригъэкІуэкІа хуэдэу къыщигъэлъэгъуа дэфтэр нэпцІхэр икІи абыкІэ къэралым сом мелуани 7,8-м щІигъу хэщІыныгъэ иритащ.

КъБР-м и Дзэлыкъуэ район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткІэ, Караханян А. Р. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэм къыщыхьа щІэпхъаджагъэмкІэ икІи ямыгъэтІысу илъэси 3 тралъхьащ, зыщІэгупсысыжыну илъэси 2-рэ мази 6-рэ хуагъэуващ.

# Езыхэм къагъэсэбэпащ

**Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м щыІэ МВД-м я лэжьакІуэхэм къызэпаудащ республикэм щыщ цІыхуитІым ялэжь хабзэншагъэр.**

ЯІЭ хъыбарымкІэ, абыхэм Іуащхьэмахуэ районым турист центр къыщызэрагъэпэщын папщІэ субсидие къаІэрыхьащ. АрщхьэкІэ, пщэрылъ зыщащІыжа лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІакъым, ахъшэр езыхэм зэрыхуейуэ къагъэсэбэпащ. ЗэраубзыхуамкІэ, абы къерикІуащ сом мелуан 60 хэщІыныгъэ.

УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ уголовнэ Іуэху къаІэтащ. Хабзэм къызэригъэувымкІэ, апхуэдэ щІэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 10-м нэскІэ ягъэтІыс.

---

**Транспорт**

# Хьэлъэ куэд щагъэІэпхъуэ

**Кавказ Ищхъэрэм ГъущІ гъуэгухэмкІэ и управленэм къызэритамкІэ, 2025 гъэм и щІышылэм - шыщхьэуІухэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъущІ гъуэгумкІэ ягъэІэпхъуащ хьэлъэу тонн мин 386-рэ. Нэгъабэ и апхуэдэ пІалъэм нэхърэ ар процент 8,6-кІэ нэхъыбэщ.**

КЪАПЩЫТЭЖ пІалъэм къриубыдэу ди гъущІ гъуэгу станцхэм хьэлъэу псори зэхэту трашам и нэхъыбэр уэзгъыныгъэ материалхэрщ - тонн мин 346,2-рэ мэхъу ар икІи нэгъабэ яхуэзэфІэкІам нэхърэ процент 15,6-кІэ нэхъыбэщ.

Шыщхьэуіу мазэм и закъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъущІ гъуэгу станцхэм щралъхьащ хьэлъэу тонн мин 61,7-рэ. Ари процент 43,1-кІэ нэхъыбэщ нэгъабэ и апхуэдэ пІалъэм яхуэзэфІэкІам нэхърэ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, фокIадэм и 15

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «БОЙ С ТЕНЬЮ» (16+)
**00.10** «Время героев» (16+)
**01.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «СПАССКАЯ» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.10** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**03.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

### НТВ

**04.50, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ВЕКТОР АТАКИ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «СТРАЖНИК» (16+)
**22.10, 00.00** Т/с «ВАРЯГИ» (16+)
**00.45** Т/с «ВОЗМЕЗДИЕ» (16+)
**03.30** Х/ф «ПЕТЛЯ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.10** Т/с «БОЕВАЯ ЕДИНИЧКА» (12+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Д/с «Эволюция оружия. Испытание боем». «Танки» (16+)
**12.00, 13.25** Х/ф «ВОЗВРАЩЕНИЕ «СВЯТОГО ЛУКИ» (16+)
**14.25, 15.05, 17.15** Х/ф «МАРШ-БРОСОК. ОСОБЫЕ ОБСТОЯТЕЛЬСТВА» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «АЛЬБА РЕГИЯ» (16+)
**01.05** Х/ф «МАФИЯ БЕССМЕРТНА» (16+)
**02.35** Х/ф «СОЛЕНЫЙ ПЕС» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Театральная летопись
**07.45** Черные дыры. Белые пятна
**08.40** Д/ф «Антонин Капустин - создатель Русской Палестины»
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.30** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.15** XX век
**12.10** Д/с «Забытое ремесло»
**12.45** Новости. Подробно. АРТ
**13.00** Театральная летопись
**13.30** Спектакль «Правду! Ничего, кроме правды!» 100 лет со дня рождения Кирилла Лаврова
**14.45** Д/ф «История в шифрах»
**15.25** «Агора»
**16.30** Д/с «Передвижники»
**17.15** Х/ф «ТАЙНА ЗОЛОТОЙ ГОРЫ» (16+)
**18.30** «Рассказы из русской истории»
**19.45** Главная роль
**20.05** Д/ф «Прожить достойно»
**20.40** Х/ф «ДЯДЯ ВАНЯ. СЦЕНЫ ИЗ ДЕРЕВЕНСКОЙ ЖИЗНИ» (16+)
**23.45** Д/ф «Абу-Симбел. Восьмое чудо света»
**00.45** Международный юношеский телевизионный конкурс музыкантов «Санкт-Петербургский Олимп». Лауреаты

### МАТЧ!

**06.00** «Лучшие из лучших» (12+)
**06.30** «Все о главном» (12+)
**07.00, 09.00, 11.55** Новости
**07.05, 16.30, 23.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** Лица страны (12+)
**09.25** «Команда мечты» (12+)
**10.30** Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
**11.35** Специальный репортаж (12+)
**12.00** Есть тема! Прямая трансляция
**13.30** Легкая атлетика. Чемпионат мира. Прямая трансляция из Японии
**16.55** Футбол. «Уфа» - «Урал» (Екатеринбург). Лига Пари. Прямая трансляция
**19.00** Борьба. Чемпионат мира. Прямая трансляция из Хорватии
**20.40** Громко. Прямая трансляция
**21.35** Футбол. «Комо» - «Дженоа». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**00.55** Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)

## Гъубж, фокIадэм и 16

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «БОЙ С ТЕНЬЮ» (16+)
**00.10** Д/с «Обыкновенный фашизм-2. Постскриптум» (18+)
**01.20** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «СПАССКАЯ» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.10** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

### НТВ

**04.55, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ВЕКТОР АТАКИ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «СТРАЖНИК» (16+)
**22.10, 00.00** Т/с «ВАРЯГИ» (16+)
**00.45** Т/с «ВОЗМЕЗДИЕ» (16+)
**03.25** Х/ф «ВОПРОС ЧЕСТИ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**03.50** Х/ф «МАРШ-БРОСОК. ОСОБЫЕ ОБСТОЯТЕЛЬСТВА» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Д/с «Эволюция оружия. Испытание боем». «Реактивные системы залпового огня» (16+)
**11.50, 13.25** Х/ф «ЧЕРНЫЙ ПРИНЦ» (16+)
**14.10, 15.05, 17.15** Х/ф «МАРШ-БРОСОК. ОХОТА НА «ОХОТНИКА» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Улика из прошлого» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «ПОСЛЕДНИЙ ПОБЕГ» (16+)
**01.10** Х/ф «ЛЕКАРСТВО ПРОТИВ СТРАХА» (16+)
**02.40** Д/с «Наука и война» (16+)
**03.15** Д/с «Победоносцы» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Театральная летопись
**07.45** Д/ф «Абу-Симбел. Восьмое чудо света»
**08.40** Д/с «Рассекреченная история»
**09.10** Х/ф «ЮЛИЙ ЦЕЗАРЬ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.35** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.15** XX век
**12.45** Новости. Подробно. Книги
**13.00** Театральная летопись
**13.30** Х/ф «ДЯДЯ ВАНЯ. СЦЕНЫ ИЗ ДЕРЕВЕНСКОЙ ЖИЗНИ» (16+)
**14.55** Д/ф «Абу-Симбел. Восьмое чудо света»
**15.50** Д/ф «Калина красная». Слишком русское кино»
**16.30** Д/с «Коллекция»
**17.15** Д/с «Хождение Кутузова за море»
**17.45** Международный юношеский телевизионный конкурс музыкантов «Санкт-Петербургский Олимп». Лауреаты
**18.30** Д/с «Забытое ремесло»
**18.45** Д/с «М.И.Ф»
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.50** Искусственный отбор
**21.30** «Белая студия»
**22.15** Х/ф «ЮЛИЙ ЦЕЗАРЬ» (16+)
**23.05** Д/с «Рассекреченная история»
**23.50** Д/ф «Пирамиды Гизы. Как фараоны разгадали тайны звездного неба»
**00.45** Международный юношеский телевизионный конкурс музыкантов «Санкт-Петербургский Олимп». Лауреаты

### МАТЧ!

**06.00** «Лучшие из лучших» (12+)
**06.30** «Наши иностранцы» (12+)
**07.00, 09.00, 11.55** Новости
**07.05, 22.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05, 11.35** Специальный репортаж (12+)
**09.25** «Команда мечты» (12+)
**10.30** Профессиональный бокс. Д. Лебедев - Дж. Тони. Трансляция из Москвы (16+)
**12.00** Есть тема! Прямая трансляция
**13.30** Легкая атлетика. Чемпионат мира. Прямая трансляция из Японии
**16.25** Футбол. «Оренбург» - «Рубин» (Казань). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
**18.30** Футбол. «Акрон» (Тольятти) - «Локомотив» (Москва). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
**20.45** Футбол. «Пари НН» (Нижний Новгород) - «Динамо» (Махачкала). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
**00.30** Смешанные единоборства. Б. Мухаммад - Дж. Делла Маддалена. UFC. Трансляция из Канады (16+)
**01.55** Легкая атлетика. Чемпионат мира. Трансляция из Японии (6+)
**03.55** Новости (0+)

## Бэрэжьей, фокIадэм и 17

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «БОЙ С ТЕНЬЮ» (16+)
**00.10** Д/с «Обыкновенный фашизм-2. Постскриптум» (18+)
**01.25** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «СПАССКАЯ» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.10** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

### НТВ

**04.50, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ВЕКТОР АТАКИ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «СТРАЖНИК» (16+)
**22.10, 00.00** Т/с «ВАРЯГИ» (16+)
**00.45** Т/с «ВОЗМЕЗДИЕ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**03.35** Х/ф «МАРШ-БРОСОК. ОХОТА НА «ОХОТНИКА» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Д/с «Эволюция оружия. Испытание боем». «Войсковое ПВО» (16+)
**11.50** «Специальный репортаж» (16+)
**12.05** «По горячим следам» (16+)
**12.20, 13.25** Х/ф «ВЕРСИЯ ПОЛКОВНИКА ЗОРИНА» (16+)
**14.40, 15.05, 17.15** Т/с «СМЕРТЕЛЬНАЯ СХВАТКА» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** Д/с «Секретные материалы» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «ПЛАТА ЗА ПРОЕЗД» (16+)
**01.10** Х/ф «МИГ УДАЧИ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Театральная летопись
**07.45** Д/ф «Пирамиды Гизы. Как фараоны разгадали тайны звездного неба»
**08.40** Д/с «Рассекреченная история»
**09.10** Х/ф «ЮЛИЙ ЦЕЗАРЬ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.35** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.15** XX век
**11.50** Д/ф «Дед. Столетие дубненского зубра. Михаил Мещеряков»
**12.45** Новости. Подробно. Кино
**13.00** Театральная летопись
**13.30** Х/ф «ДЯДЯ ВАНЯ. СЦЕНЫ ИЗ ДЕРЕВЕНСКОЙ ЖИЗНИ» (16+)
**14.55** Д/ф «Пирамиды Гизы. Как фараоны разгадали тайны звездного неба»
**15.50** «Белая студия»
**16.30** «Библейский сюжет»
**17.15** Д/с «Хождение Кутузова за море»
**17.45** Международный юношеский телевизионный конкурс музыкантов «Санкт-Петербургский Олимп». Лауреаты
**18.45** Д/с «М.И.Ф»
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.50** Абсолютный слух
**21.30** Власть факта
**22.15** Х/ф «ЮЛИЙ ЦЕЗАРЬ» (16+)
**23.05** Д/с «Рассекреченная история»
**23.50** Д/ф «Неприступные крепости крестоносцев»
**00.45** Международный юношеский телевизионный конкурс музыкантов «Санкт-Петербургский Олимп». Лауреаты

### МАТЧ!

**06.00** «Лучшие из лучших» (12+)
**06.30** «Голевая неделя. РФ» (6+)
**07.00, 09.00, 11.55, 16.30** Новости
**07.05, 16.35, 22.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05, 11.35** Специальный репортаж (12+)
**09.25** «Команда мечты» (12+)
**10.30** Смешанные единоборства. UFC. Петр Ян (16+)
**12.00** Есть тема! Прямая трансляция
**13.30** Легкая атлетика. Чемпионат мира. Прямая трансляция из Японии
**17.45** Футбол. «Крылья Советов» (Самара) - «Краснодар». Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
**20.00** Футбол. «Зенит» (Санкт-Петербург) - «Ахмат» (Грозный). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
**00.30** Профессиональный бокс. А. Гатти - М. Уорд. Трансляция из США (16+)
**01.55** Легкая атлетика. Чемпионат мира. Трансляция из Японии (6+)

## Махуэку, фокIадэм и 18

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «БОЙ С ТЕНЬЮ» (16+)
**00.10** Д/с «Обыкновенный фашизм-2. Постскриптум» (18+)
**01.20** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «СПАССКАЯ» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.10** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

### НТВ

**04.45, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ВЕКТОР АТАКИ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «СТРАЖНИК» (16+)
**22.10, 00.00** Т/с «ВАРЯГИ» (16+)
**00.45** «Поздняков» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.20** Т/с «СМЕРТЕЛЬНАЯ СХВАТКА» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Д/с «Эволюция оружия. Испытание боем». «Автоматы» (16+)
**11.50, 13.25** Х/ф «ОПАСНЫЕ ГАСТРОЛИ» (16+)
**14.00, 15.05, 17.15** Т/с «ПОСЛЕДНИЙ БРОНЕПОЕЗД» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.50** Специальный репортаж (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Код доступа» (12+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «БАЛЛАДА О ДОБЛЕСТНОМ РЫЦАРЕ АЙВЕНГО» (16+)
**01.10** Д/ф «Спектакль по имени «Жизнь». Борис Хмельницкий» (12+)
**01.40** Х/ф «ПЕРЕД РАССВЕТОМ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Театральная летопись
**07.45** Д/ф «Неприступные крепости крестоносцев»
**08.40** Д/с «Рассекреченная история»
**09.10** Х/ф «ЮЛИЙ ЦЕЗАРЬ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.35** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.15** XX век
**12.10** Д/с «Забытое ремесло»
**12.45** Новости. Подробно. Театр
**13.00** Театральная летопись
**13.30** Спектакль «Перед заходом солнца». К 100-летию со дня рождения Кирилла Лаврова
**14.55** Д/ф «Неприступные крепости крестоносцев»
**15.50** «2 Верник 2»
**16.30** Д/ф «Пряничный домик»
**17.15** Д/с «Хождение Кутузова за море»
**17.45** Международный юношеский телевизионный конкурс музыкантов «Санкт-Петербургский Олимп». Лауреаты
**18.20** Д/ф «Роман в камне»
**18.45** Д/с «М.И.Ф»
**19.45** Главная роль
**20.05** Открытая книга
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.50** Д/ф «Начало». Уж я, девочки, оставлю свой след в искусстве!»
**21.30** «Энигма»
**22.15** Х/ф «ЮЛИЙ ЦЕЗАРЬ» (16+)
**23.05** Д/с «Рассекреченная история»
**23.50** Д/ф «Аббатство Клюни: Второй Рим»
**00.45** Международный юношеский телевизионный конкурс музыкантов «Санкт-Петербургский Олимп». Лауреаты

### МАТЧ!

**06.00** «Лучшие из лучших» (12+)
**06.30** «Третий тайм» (12+)
**07.00, 09.00, 11.55, 16.30** Новости
**07.05, 16.35, 22.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** Специальный репортаж (12+)
**09.25** «Команда мечты» (12+)
**09.55** Боулинг. BetBoom. Кубок КЛБ. Про-тур. Прямая трансляция из Узбекистана
**12.00** Есть тема! Прямая трансляция
**13.30** Легкая атлетика. Чемпионат мира. Прямая трансляция из Японии
**17.45** Автоспорт. Российская серия кольцевых гонок. Казань ринг (6+)
**18.15** Футбол. ЦСКА - «Балтика» (Калининградская область). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
**20.30** Футбол. «Спартак» (Москва) - «Ростов» (Ростов-на-Дону). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
**00.30** Смешанные единоборства. И. Топурия - Ч. Оливейра. UFC. Трансляция из США (16+)

# ПсэкІи, гукІи, акъылкІи бей пщащэ

**Ди республикэм и цІэр фІыкІэ жрагъэІэу, и псэукІэр ирагъэфІакІуэу, и хъугъуэфІыгъуэхэр ягъэбагъуэу иджыпсту къытщІэхъуэ щІалэгъуалэм уримыгушхуэнкІэ Іэмал иІэкъым. Ди щІалэхэмрэ пщащэхэмрэ дунейпсо утыкухэм йохьэф, къэрал къулыкъу лъагэхэм пэрытщ, зи щхьэ Іуэху зезыхуэжу псэукІэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщІхэри мащІэкъым. Апхуэдэ пщащэ жыджэр акъылыфІэхэм ящыщщ Налшык къалэдэс Блий Каринэ.**

**Каринэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым экономикэмкІэ и факультетыр диплом плъыжькІэ къиухащ. ЩІэ псоми хуэпабгъэ, зи зэфІэкІыр, къэухьыр зыгъэунэхужыну зыфІэфІ, зэчийрэ къарурэ зыбгъэдэлъ пщащэ Іэдэбыр щІэныгъэ зыбгъэдэлъ цІыху балигъ хъуа нэужь, лэжьапІэ зыбжанэ пэрытащ, и Іэзагъым щыхигъэхъуэн Іуэху куэдым зрипщытащ. Абыхэм къапэкІуа лэжьыгъэм и пІалъэр къигъэсэбэпу иджыпсту ди къэралым и щыхьэрым щыІэщ, «Роскосмос» къэрал къулыкъущІапІэм и пресс-ІуэхущІапІэм щолажьэ. Каринэ «Адыгэ псалъэ» газетым къедгъэблэгъащ и сабиигъуэм, щІэныгъэ гъуэгумрэ лэжьыгъэ Іуэхумрэ зэрызэпэщам, и мурадхэм тедгъэпсэлъыхьыну.**

## ЗэчиифІэхэм сыкъаухъуреихьу сыкъэхъуащ

СыщыцІыкІум си щхьэ Іуэху иужь ситыжу, лейуэ зыми сепсэлъэн сфІэмыфІу сыщытащ. Си анэр еш имыІэу зэрылажьэр слъагъурт, си шыпхъу нэхъыщІэм сыкІэлъыплъыну куэдрэ си пщэ къыдэхуэрт. ІэщІагъэу къыхэсхынур пасэу субзыхуат жысІэфынукъым, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, сурэтыщІу, дизайнеру, дохутыру, уэчылу, журналисту сылэжьэну сиІа хъуэпсапІэхэр сощІэж илъэс зэхуэмыдэхэм. 5-нэ классым сыщынэсам дерс хэхахэр щрагъэдж класс зэмылІэужьыгъуэу дызэхагъэкІырти, си анэм и чэнджэщкІэ, филологие классым сыкІуащ, хамэ къэралыбзэхэр абы щызэзгъэщІащ. 9-нэ классым социально-гуманитарнэ классым сыхэтІысхьэжащ, КъБКъУ-м экономикэмкІэ и факультетым сыщІэтІысхьэу си анэ шыпхъум ещхьу бухгалтер сыхъуну тезухуэри.

Мыбдежым къыхэгъэщын хуейуэ къыщІэкІынщ си сабиигъуэм щыщІэдзауэ творческэ цІыхухэм сыкъаухъуреихьу сыкъызэрыхъуар. Си анэшхуэ Зыхьэ Маритэ КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ, Лэскэн районым и щІыпІэ администрацэм щылажьэрти, си шыпхъумрэ сэрэ щІэх-щІэхыурэ гуфІэгъуэ зэхыхьэхэм дыздишэрт. Абы и шыпхъу Бесчокъуэ Майе КъБР-м и цІыхубэ артисткэщ, опернэ уэрэджыІакІуэти, абы и лэжьыгъэм тфІэфІу дыкІэлъыплъырт, и концертхэм дыкІуэрт. Си анэ Зыхьэ Оксанэ «Нур-ет» щэнхабзэ центрым и унафэщІщи, сытым дежи зэІущІэ гъэщІэгъуэнхэр къызэригъэпэщу, дэри абыкІэ дызыдигъэІэпыкъуу апхуэдэщ. А псоми сыхуэнабдзэгубдзаплъэ щхьэкІэ, къыхэсхар экономист ІэщІагъэрщ. Университетым пщащэ Іэдэб цІыкІуу сыщІэтІысхьами, студент илъэсхэр сэбэп къысхуэхъуащ си хьэл, си щэн, си жыджэрагъ къызыкъуэсхыну, зызужьыну. Махуэ къэс студент зэІущІэхэм сыхэтт, сэ езым къызэзгъэпэщырт, конференцхэм, зэхуэсхэм сагъакІуэрт, сыкъыщыпсалъэрт. Ауэрэ си анэм и чэнджэщкІэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щыІэ ЩІалэгъуалэ советым сыхыхьащ, итІанэ КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм сыкъащтащ.

## Балигъ гъащІэм щІэ куэд къыспигъаплъэрт

Си анэм сызэрыдэІэпыкъум лэжьыгъэ гъуэгум сытришауэ жыпІэ хъунущ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, Аруан район администрацэм гу къыслъитэри, срагъэблэгъащ, 3-нэ курсым сыщІэсу. Лэжьыгъэмрэ еджэнымрэ, зэхьэзэхуэхэмрэ зэІущІэхэмрэ, студент гъащІэ жыджэрыр изагъэртэкъым пэшым бжыгъэхэр зыбжу щІэс бухгалтерым и жыпхъэм. Ар къызгурыІуэри, бакалавриатым иужькІэ магистратурэм сыщыщІэтІысхьэм журналист ІэщІагъэр къыхэсхащ.

Аруан администрацэм иужькІэ, «Экологистика» ІуэхущІапІэм сыщылэжьащ, мис абы щыгъуэм къэсщІауэ жыпІэ хъунущ ІэнатІэ упэрытыным и гугъуагъыр. Ауэ унафэщІыр си щІэгъэкъуэну Іуэхум сыхэгъуэзащ, си гупсысэхэмрэ еплъыкІэхэмрэ лэжьыгъэм хэспщэфу сыхъуащ. Абы щыгъуэм пхъэнкІий зэхуэхьэсыным, дэшыным зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр къыщыхъурт, ар цІыхубэм къазэрыгурыІуэн бзэкІэ ябгъэдэлъхьэн хуейт, къэрал хабзэщІэхэр пресс-секретарым бзэ гурыІуэгъуэкІэ зэридзэкІырт. Гугъу куэд пыщІат абы, ауэ тхузэфІэкІащ. Мыарэзыуэ къытхуэтхэ цІыхубэм я бжыгъэм фІыуэ кІэрыхуат мазэ зыбжанэм къриубыдэу, уеблэмэ фІыщІэ, щытхъу псалъэхэр къытІэрыхьэрт. Зыгуэр пщІэфу зыщебгъэсам деж, нэхъыбэжым ухуэпабгъэ мэхъу...

КъБР-м ПромышленностымкІэ, энергетикэмрэ сатумкІэ и министерствэм лэжьакІуэ ныбжьыщІэхэм я дэфтэрхэр зэрызэхуахьэсым теухуа хъыбарыр си анэм къызжеІэри, сысейхэри изогъэхь. Зы тхьэмахуэ нэхъ дэмыкІауэ, министр Ахъуэбэч Щамил сригъэблэгъащ къызэпсэлъэну. Абыхэм я лэжьыгъэр къэзыгъэлъэгъуэн, цІыхубэм я деж нэзыгъэсын къалъыхъуэрт, сэ адэкІэ зэрызызужьын Іэмалхэм сахэдэрт. Апхуэдэу къэрал къулыкъущІапІэм сыкІуащ. Абы ущылэжьэну куэдкІэ нэхъ гугъут, пандемие илъэсхэм ирихьэлІати, абы тІууащІэу къыстригъэхьэлъэрт. Ауэ сэ гугъуехьхэм сыкърагъэкІуэту сесакъым, хэкІыпІэр къэслъыхъуэурэ адэкІэ сыкІуэ фІэкІа. Аращ къэхъуари. Урысейм Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм и пресс-ІуэхущІапІэм щылажьэхэм япыщІа сыхъуащ, куэд дэмыкІыу федеральнэ министр Мантуров Денис лэжьыгъэ ІуэхукІэ ди республикэм къэкІуащ. Абы щыгъуэм сэ зыхэсщІат апхуэдэ къулыкъущІапІэхэм ущылэжьэн папщІэ уи щІэныгъэми Іэзагъми нэхъри хэбгъэхъуэн зэрыхуейр. Дызыпыщ Іа министерствэм зэпеуэ къыхилъхьащ, абы щытекІуэм мазитІкІэ и ІэщІагъэм хигъэхъуэну Іэмал къызэрыратынур иту. Сэ къэслъыхъуэр апхуэдэтэкъэ?! Си дэфтэрхэр езгъэхьащ, Москва срагъэблагъэри, тест лэжьыгъэмрэ зэпсэлъэныгъэмрэ сыпхыкІащ. ИтІанэ къэпщытакІуэхэр хэплъэжри, мазитІкІэ федеральнэ министерствэм щылэжьэнухэм сэри сыхабжащ. Си лэжьэгъухэри си унагъуэри къыздэІэпыкъури, Москва сыкІуащ, мазитІыр блэкІа нэужь, дезыгъаджэм жесІащ, Іэмал щыІэмэ, абы сыщылэжьэну сызэрихъуэпсапІэр...

Налшык къэзгъэзэжауэ, зы махуэ гуэрым УФ-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм и Департаментым и унафэщІ Хоценкэ Виталий (иджыпсту Омск областым и губернаторщ) къэпсэлъащ: «Дапщэщ, Каринэ, лэжьапІэ укъыщыдэкІыфынур?» жиІэри.

Илъэситхум нэблэгъауэ сыщопсэу Москва, иджыпсту «Роскосмос» къэрал къулыкъущІапІэм сыщолажьэ, щІэ куэд зызогъащІэ. Ари адрей къулыкъущІапІэхэм ещхьщ, щІэх-щІэхыурэ лэжьыгъэ ІуэхукІэ щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм докІуэ, проект гъэщІэгъуэнхэр дощІ, пресс-турхэм, блог-турхэм жыджэру сыхэтщ. Мыр лэжьыгъэ къудейуэкъым къызэрыслъытэр, атІэ сабий хъуэпсапІэ гуэр къыздэхъуауэщ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, хьэршым пыщІа псори хьэлэмэтщ, зы телъыджэ, ин гуэрым си гуащІэ мащІэ есхьэлІэу сызэрыхэтым насыпыфІэ сещІ.



## ЦІыхум зиужьынымкІэ сэбэп куэд срихьэлІащ

Сыт хуэдэ ІэнатІэми умыщІэ куэд къыщыбощІэ, псэкІэ, щхьэкІэ, гукІэ нэхъ къулей уещІ. Федеральнэ къулыкъущІапІэхэм щысщІэ лэжьыгъэм нэмыщІ, сэ ди къэралыр фІыуэ зэзгъэцІыхуащ, хамэ къэралхэм сыщыІащ, си къэухьым куэдкІэ хэзгъэхъуащ. УФ-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм сыщыувагъащІэм, Каринэ, уэ зы щІыналъэ укъикІащи, абыхэм я лэжьыгъэм нэхъыфІу утетхыхьыну къытщохъу жаІэри, ар пщэрылъ къысхуащІащ. Ар къызэгугъуэкІакъым, Урысейм и щІыналъэхэм щыІэ министерствэхэм я пресс-ІуэхущІапІэхэр зэзгъэуІуащ, гупышхуэ дызэрыгъэхъури, проект гъэщІэгъуэнхэр зэдэтщІащ, абыхэм лэжьыгъэм и пІалъэ куэд къызагъэщІащ.

ИтІанэ командировкэхэм сыкІуэн щІэздзащ, министрым иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм сытетхыхьу. Апхуэдэу си гум нэхъ къыдыхьа щІыпІэхэм ящыщщ КъуэкІыпІэ Жыжьэр, Урал, Екатеринбург, Магадан, Владивосток, нэгъуэщІхэри. Апхуэдэ лэжьыгъэ-ежьэгъуэхэр сІэщІэужэгъуа нэужь, сызыпэрыт ІэнатІэм теухуа форумхэм сыкІуэн езгъэжьащ, абыхэм щІэ куэд къыщыбощІэ, акъылкІэ, щІэныгъэкІэ нэхъ зыщыбоужь. Апхуэдэ щІыкІэкІэ хамэ къэралхэми кІуэн щІэздзащ.

А гъуэгуанэхэми теухуа гукъэкІыж куэд сиІэщ. Ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр сигу хэзыгъахъуэу слъэгъуахэмрэ лэжьыгъэм и пІалъэу зэзгъэщІамрэщ. КъищынэмыщІауэ, сэ ныбжьэгъу куэд сиІэ хъуащ. Быдэу жысІэфынущ Урысейр зи инагъым и дэнэ щІыпІи сэ ныбжьэгъу, лэжьэгъу е цІыхугъэфІ зэрыщызиІэр, абы сегъэгушхуэ.

## ЩІэныгъэм и мыхьэнэр сэ фІыуэ сощІэ

Куэдрэ жаІэу зэхыбох дипломым мыхьэнэ имыІэу, уемыджэми, гъащІэм ухэзэгъэну, ахъшэ къэблэжьыфыну, тыншу упсэуфыну. Сэ абыкІэ сыарэзыкъым. ДэнэкІэ зызмыгъэзами, диплом плъыжьыр симыІамэ, куэдкІэ нэхъ гугъу сехьынут, сызыщІэхъуэпсу сызрикІуэ гъуэгур кІэщІ дыдэу къысхущІэкІынут.

Дэ дызыхэпсэукІ зэманыр псынщІэу зызыхъуэжщ. Абы удекІуу упсэун папщІэ щІэныгъи, акъыли, хьэл зэпІэзэрыти уиІэн хуейщ. Махуэ къэс технологиещІэу ди гъащІэм къыхыхьэр къэбгъэІурыщІэным иужь уитыпхъэщ, зэманым къигъэув щІэ псоми уапэлъэщу зебгъэсэн хуейщ. Гугъуехьу сызыпэщІэхуэр къызыхэкІыр си щІэныгъэр зэрысхуримыкъуращи, ар къыщІызэзнэкІыфыр нэхъыбэж сызэреджэрщ, сымыщІэр зэрызэзгъащІэрщ, си къэухьым зезыгъэужьын зы Іуэхуи зэрыблэзмыгъэкІыным сызэрыпылъырщ.

**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ,**
*КъБР-м, АР-м щІыхь зиІэ я журналист.*

# Дахагъэмрэ къабзагъэмрэ

**● Узыншагъэ**

**«Зэманым декІур лІыфІщ», жиІами, а зэманым къыздихь щІэщыгъуэхэр цІыхум къыщыхуэмысэбэпи щыІэщ. Уеблэмэ арыншэу гъащІэр ди нэгу къытхущІэмыгъэхьэу къыддекІуэкІ хьэпшыпхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ узыфэ мыхъужыныр къыщызэщІагъэуши къохъу.**

ДОХУТЫРХЭМ зэрыжаІэмкІэ, бгъэ лышхыр ныбжьыщІэхэми къезыгъэфыкІ щхьэусыгъуэхэм тІукІэ къахэхъуащ - дуфачымрэ пщІэнтІэпсымэр зыгъэкІуэду блэгущІэм щахуэ дезодорантхэмрэ. Илъэси 100 хуэдизкІэ узэІэбэкІыжмэ, дуфачыр апхуэдизкІэ гъуэтыгъуейти, ар зымыцІыхуххэ щыІэт. Нобэ ар Іэмал имыІэу пщыгъын хуейуэ ягъэувауэ, бзылъхугъэ пхъуантэм нэхъыбэу дэлъхэм ящыщщ. Пэж дыдэу ар апхуэдизу зэранрэ ирагъэлейрэ къэтщІэн папщІэ, медицинэ къэхутэныгъэхэм дриплъэнщ.

- Дуфачыр къызэрежьамрэ нобэ игъуэта теплъэмрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакущ жыхуаІэм хуэдэщ, апхуэдизкІэ зихъуэжащи. Ауэ занщІэу къыхэзгъэщынут ар узыншагъэ мыхъуу, дахагъэм тещІыхьауэ къызэрагупсысар. Пэжу, иужьрей зэманым щыІэщ бзылъхугъэ куэд ар къайхьэлъэкІыу щызыхыжыпа. Ар къыщежьари бгъэ лышхыр дуфачым къыхэкІыу дохутырхэм ягъэхъыбара нэужьщ. 2015 гъэм онкологиемкІэ США-м и Лъэпкъ университетым и щІэныгъэлІхэм утыку кърахьащ илъэс бжыгъэкІэ ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм къагъэлъэгъуар... 21-нэ лІэщІыгъуэм нэхъри ета бгъэ лышхымрэ дуфачымрэ зэхуаІуэхур къащІэн папщІэ цІыхубз мини 5-м кІэлъыплъат ахэри, бгъэмрэ блэгущІэмрэ хэлъ лимфоузелхэр икъузурэ тэмэму имыгъэлажьэу, лъыр зэримыгъакІуэу къахутащ. Лимфоузелым и къалэн нэхъыщхьэр - цІыхум и Іэпкълъэпкъым токсину илъыр игъэкъэбзэну аращи, ар хуэмыгъэзащІэ, уеблэмэ фІейр зэхуихьэс хъуа нэужь шын мэхъури, ар лышхым хуокІуэж, зэрыжаІэмкІэ. Си щхьэкІэ, абы арэзы сытехъуэфынукъым. Лышхыр щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхокІ. Абыхэм ящыщщ кавкасион лъэпкъхэм ар анэдэлъхуу къазэрыдэгъуэгурыкІуэр, цІыхубзым и гормонхэр зэрызэтекІыр. Къыхэгъэщыпхъэщ цІыхубзхэм я закъуэ мыхъуу, цІыхухъухэми бгъэ лышхыр къащеуалІэ зэрыщыІэр. Ауэ абыхэм дуфач зэрахьэркъым! Дуфачым теухуауэ сэ жысІэфынур зы закъуэщ: абы уикъузу е пхуэлалэу щытын хуейкъым. Мыбдежи щыуагъэ куэд яІэщІокІ а фэилъхьэгъуэр зыдхэм - бзылъхугъэхэр псори зэхуэдэкъыми, щхьэж и Іэпкълъэпкъ хуэфІу иувэн хуейщ ар. Пэжщ, мыхэр зэхуэбгъэхъуну гугъущ, япэ къэсыр къэпщэхунри тэмэмкъым, - жеІэ медицинэ щІэныгъэхэмкІэ кандидат, акушер-гинеколог Усовэ Аннэ.

Дезодорантхэми бгъэ лышхыр ирахужьэу жаІэ. Абыи теухуауэ къэхутэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр ирагъэкІуэкІати, къэрал зэхуэмыдэхэм щыщ щІэныгъэлІхэм зэдэарэзыуэ къызэдащтащ дезодорантым хэлъ бзэхум (алюминий) бгъэ лышхыр къызэрыхэкІыр.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, цІыхухэр а псоми емыгупсысу, дезодорантым и зэхэлъыкІэм емыджэу, я нэ къыфІэнэр къащэху. КъызэрыщІэкІащи, бзэхур гынщ, икІи щІыфэм кІуэцІрокІри, лимфэм зэран хуохъу, Іэпкълъэпкъым зреубгъуэ.

- Бзэхум и мэ къудей зыщыуа хьэпшыпхэм нэхъ жыжьэІуэу дыкъыпекІуэкІмэ нэхъыфІу къысщохъу, - жеІэ онколог цІэрыІуэ Саппинэ Андре-Паскаль.

Рединг университетым онкологиемкІэ и профессор Дарбре Филиппэщ япэ дыдэу бзэхумрэ бгъэ лышхымрэ зэзыпхыу къэпсэлъар. ИкІи 1995 гъэ лъандэрэ къэхутэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр ирегъэкІуэкІ:

- Сэ езым пщэдджыжь къэс зыщысхуэу щытащ дызытепсэлъыхь дезодорантхэм щыщ. Ауэ езгъэкІуэкІ къэпщытэныгъэхэм апхуэдизкІэ сыкъагъэгузэвати, зэуэ пысчат. Мазэ бжыгъэкІэ спкърыкІыжакъым апхуэдизрэ зэщысхуа дезодорантыр, си блэгущІэхэр зэщІэбэгауэ, мэ Іей дыдэ иІэу цІанлъэ гуэрхэр щІищІэу. Мазищ дэкІри, тэмэм хъужащ псори икІи махуэм тІэунейрэ зыстхьэщІмэ, нэхъыби хуэмейуэ сызэтеувэжащ.

Дэ, къызэрыгуэкІхэм, сыт тщІэн хуейр жыфІэмэ, щхьэж езым и гупсысэкІэмрэ Іуэху еплъыкІэмрэ теухуащ псори. Е къэхутэныгъэхэр ди фІэщ хъунщи, дызыхуэсакъын щІэддзэнщ, е къэхъунум дежьэнщ...

**ФЫРЭ Анфисэ.**




● Псалъэжьхэр

## ЩыкIыр икIэ мэхъу

♦Зылъэмыкl Iэфракlэ и Iыхьэщ.
♦Насыпыр щагуэшым дурэшым дэсащ.
♦Нэгъуеипщ нэхъей, и закъуэ мэшхэж.
♦Хамэр гъэшэраши унэр гъэшэрыуэ.
♦Гурыщхъуэ нэрыщхъуэ ухуешэ.
♦Зы мафIэ хъуаскIэм жылэ псор къресэкI.
♦ФIы зыщIэ упщIэжрэ?
♦ЩыжаIэм щыпаупщIыркъым.
♦ФIыр умыщIэмэ, нэхъ лъапIэр къыхэх.
♦Хабзэ лъэIукъыми, Iумахуэ Iуэхутхьэбзэкъым.
♦ЩыкIыр икIэ мэхъу.
♦Хьыгъуэм гуащэщ, къэхьыжыгъуэм псэжьщ.
♦Къантешэ нэхърэ къаншэж.
♦Зи щхьэ уи унэ исым и псэ уи унэ илъщ.
♦Шхэгъуэм дыгъужьщ, лэжьэгъуэм жьындущ.
♦Къуэр напщIэщ, пхъур набдзэщ.
♦Узэрымылъагъуу Iэфl щыIэкъым.
♦ХьэщIэр куэдрэ щысмэ, бысымыр йозэш.
♦Къуэш лей щыIэкъым.

● Чэнджэщхэр

## Акъылыр жан зыщIыр

Шыбжий сыр зышхрей цIыхур акъыл жан мэхъу.

Зи бзэгу къиихуахэм джэдгын ущэба жьэдагъэщащэри, я жьэр зэтепIауэ щагъэтщ и ибжьэныр иухыхукIэ, итIанэ къыжьэдадзыж. Ар щащIыр гъуэлъыжыгъуэм дежщ.

Шыл, бабыщыл, къазыл пшэрхэм къыхащIыкl шхыныгъуэхэр, абы я дагъэр сэбэп яхуохъу щIыIэ зыхыхьахэм, жьы зыхуримыкъухэм, жьэн уз зиIэхэм.

Нартыху пIастэ хуабэрэ бжьыныщхьэ укъэбзар шыгъум хагъауэурэ зышхрейхэр фIыуэ мэжей, абы лъыр фIыуэ зэрегъакIуэ, нэкIу зэлъахэми зрегъэшэщIыж.

Шха иужькIэ бжэмышхри гуахъуэри Iубауэ ягъэтIылъыркъым, гуэныхьышхуэ пылъщ жаIэ.

Къалмыкъ шей пщтырым адыгэ шатэ Iувыр хэпкIэмэ, тхъуэ мэжабзэ. Апхуэдэу мыхъун щхьэкIэ, шатэ Iувым псы тIэкIу хакIэ, зэIащIэри итIанэ къалмыкъ шейм хакIэж.

Ямылейуэ ялъэса мэл е былым укIам и лъатэм кхъуей щIагъуэу хихыжынукъым.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

## Мэжаджэ щIаккхъуэ, пщагъэ хэлъу

● Шхыныгъуэхэр



Нартыху хьэжыгъэ ухуэнщIар тепщэчышхуэм иракIутэри псы шыуа къэкъуэлъакIэ япщ, бэлагъкIэ зэIащIэурэ. Ар и пщтырагъыр градус 30 - 35-м нэсыху ягъэупщIыIу, псы къэкъуэлъам щыщу къэна хуабэпцIым пщагъэри шыгъури хагъэткIухьри, нартыху хьэжыгъэ тхьэв пщам хакIэж. Гуэдз хьэжыгъэ хакIутэри, тхьэвыр зэхэзэрыхьыхукIэ IэкIэ япщ, хъыдан трапхъуэри сыхьэтиплI-сыхьэтитхукIэ хуабапIэм щагъэтщ, къэтэджын щхьэкIэ. Хьэзыр хъуа тхьэвыр щэ дагъэ зыщыхуа тебэм и зэхуэдитIым къыфIэкIыу иралъхьэ, тхьэвыщхьэр захуэ ящI, тебащхьэр трапIэжри абы и щхьэм яжьэ пщтыр тракIутэ, мафIэ дэпхэр тратхъуэжри хьэзыр хъуху ягъажьэ зы сыхьэт нэблагъэкIэ. Мэжаджэ щIаккхъуэр хуабэу Iэнэм трагъэувэ. Шатэ, шху дашх, къалмыкъ шей докIу.

*Халъхьэхэр:* нартыху хьэжыгъэу - грамм 700, гуэдз хьэжыгъэу - грамм 300, псыуэ - грамм 400, пщагъэу - грамм 60, тебэщыхуэу, шыгъуу узыхуейм хуэдиз.

## ШэкIэ щIа хъынкIэл хьэнтхъупс

Шыуаным псы щIыIэ ирагъэжыхьри шэ иракIэ. ЗэIащIэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ, шыгъу хадзэ, итIанэ зэIащIэурэ хъынкIэлыр хакIутэ. МафIэр щабэ ящIри, зэIащIэурэ хьэзыр хъуху ягъавэ. ХъынкIэл вар пэшхьэкум къытрахри бжьын гъэлыбжьа традзэ, шкIэплъыпс тракIэ. ЩIакхъуэ е лэкъум дашх.

*Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):* шэ щIэмыхуу - грамм 500, шыгъуу узыхуейм хуэдиз.

*ХъынкIэлым халъхьэхэр:* гуэдз хьэжыгъэу - грамм 60, псыуэ - грамм 15, джэдыкIэ ныкъуэ, шыгъуу узыхуейм хуэдиз.

*Бжьын гъэлыбжьам:* тхъууэ - грамм 20, бжьыныщхьэ укъэбзауэ грамм 15, шыбжий сыр хьэжауэ узыхуейм хуэдиз, шкIэплъыпсу грамми 10.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

● Псалъэ шэрыуэхэр

## Жэм лъакъуэ шкIэ иукIрэ?

**●Джэду и къуэ дзыгъуащэщ.**
**Щхьэж къэзылъхуам ещхь мэхъуж, жыхуиIэщ.**
**●Джэд пасэрэ бын пасэрэ.**
**Псори игъуэм зэгъэпэщын хуейщ, хыумыгъэкIасэу, жыхуиIэщ.**
**●Ди гъунэгъум сыкъыщышхи, ди унэ мышхэу сынэсыж.**
**Гъунэгъум и деж махуэхэр щегъакIуэри кIасэу и унэм къыщIохьэж, жыхуиIэщ.**
**●Дыгъэр къыщепсым хуабэщ, анэм и дежым нэхъыфIыжщ.**
**Анэм и лъагъуныгъэм дыгъэм хуэдэу уегъэхуабэ, жыхуиIэщ.**
**●Дыжь джэдыгур зыгъэ-зыщIщ, нысэ мыхъунур зы щIымахуэщ.**
**ТIуми якIун щыIэкъым, щIагъуэкъым, жиIэу аращ.**
**●Дыщ зимыIэр хьэщым макIуэ.**
**Нысэ зеиншэм хужаIэ.**
**●ЕтIуанэлIрэ IулIэ Iуданэрэ.**
**Зэ зэтемыува насыпыр етIуанэу зэтегъэувэжыгъуейщ, жиIэу аращ.**
**●Жэм лъакъуэ шкIэ иукIрэ?**
**Адэ-анэм я быныр Iейм хуагъэзэнукъым, жыхуиIэщ.**
**●Зегъэуби уи бын пIыж.**
**ЦIыхум къыпхужаIэнум уемыдаIуэу, уи бын я Iуэху къызэрикIын, зыхуей зэрыхуэбгъэзэн иужь ит, жыхуиIэщ.**



● Фэ фщIэрэ?

## Къуалэбзухэм я цIэхэр

**Голубь** - тхьэрыкъуэ.

**Голубь дикий** - тхьэрыкъуэ Iэл.

**Голубь мохноногий** - тхьэрыкъуэлъэбыцэ.

**Голубь сизый** - губгъуэтхьэрыкъуэ.

**Голубь сизый скалистый** - къурштхьэрыкъуэ.

**Голубь скалистый** - къырттхьэрыкъуэ.

**Голуби дикие** - тхьэрыкъуэ Iэлхэр, губгъуэтхьэрыкъуэхэр.

**Голуби домашние** - унэ тхьэрыкъуэхэр.

**Голубиные семейство** - тхьэрыкъуэ лъэпкъыр.

**Горихвостка водяная** - псыбзукIэплъ.

**Горихвостка краснобрюхая** - къэзмакъбзу, кIэплъ.

**Горихвостка-лысушка** - бзукIэплъ.

**Горихвостка сибирская** - сыбыр бзукIэплъ.

**Горихвостка-чернушка** - къущхьэбзукIэплъ, бзукIэплъ фIыцIафэ.

**Род горихвосток** - бзукIэплъ лъэпкъыгъуэр.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Махуэм щыщ Iыхьэ, пщэдджыжьым сыхьэти 10-хэм деж. **3**. Тхьэмахуэ зэхуакум щыщу мэремым къыкIэлъыкIуэ махуэ еханэр. **6**. Тхьэвым къыхэщIыкIауэ дагъэкIэ гъэжьа адыгэ шхыныгъуэ. **9**. Мэлым къытращыкI цы щабэ, цы налъэ псыгъуэ лIэужьыгъуэ. **10**. Къэрэшей-Шэрджэсыр зи хэку лъэпкъхэм ящыщ. **11**. Псыежэх, тенджыз, гуэл сытхэр къэзыгъэхъу ущызэкIэщIэплъ ткIуаткIуэ. **12**. Дзэхурэ гъуаплъэрэ зэхагъэлъадэу ящIа гъущIыкIэ. **17**. ЦIыхум и нэкIу. **19**. Уэсыншэу тещтыкIа щIы щхьэфэ щтырыгъу. **21**. Дзыдзэ лъэпкъым щыщ лырышхэ хьэкIэкхъуэкIэ лIэужьыгъуэ. **22**. Жыг дэжейм къыпыкIэ пхъэщхьэмыщхьэ IэфI.

***Къехыу:*** **1**. Къуршыпс къабзэхэм хэс бдзэжьей мыин дыдэ, и щIыфэм Iэпапlэ плъыжь хэпхъауэ. **2**. ПыIэ щыгур, бащлъыкъ кIапэр зэрагъэщIэращIэ бырыб цIыкIу. **4**. ЦIыхухэм я псэупIэм и гъунэгъуу щыпсэу, зи фэр морэгъуабжафэ къуалэбзу цIыкIу. **5**. ГъущI, шыгун, гъуаплъэ уэзджынэ ин. **7**. Ху, хьэхэм къыхащIыкIыу ящI фадэ махэ. **8**. Адыгэ хабзэм ипкъ иткIэ, пщы, уэркъ унагъуэхэм къахэкIа, гъэсакIуэм (атэлыкъым) деж къыщыхъу щIалэ цIыкIу. **9**. Зи тхьэмпэ фIэIухэр пшхы хъу удз лъэпкъ. **13**. Щхьэ хъуреишхуэ зыфIэт, макъ иримыгъэщIу жэщым къэзылъэтыхь бзуушхуэ лъэпкъ. **14**. Нарт хъыбархэм узыщрихьэлIэ шы жэр, къаруушхуэ зиIэ. **15**. Iэщ пIащэ. **18**. Щыпсэу унэм блынхэмкIэ къыхэгъэщхьэхукIа и зы Iыхьэ. **20**. Жыгхэр Iуву зытет щIыпIэ.

*Зэхэзылъхьар* **БИЦУ Жаннэщ.**

***ФокIадэм и 6-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. ЩхьэкIуэ. **4**. Пхъэшку. **7**. Къудащ. **8**. Хъудыр. **10**. ХьэмфIанэ. **11**. Щхьэгъубжэ. **16**. Лулэ. **17**. Ерэн. **18**. Аркъэн. **19**. Пкъынэ.

***Къехыу:*** **2**. Хьэкъун. **3**. КIурацэ. **5**. Хъыдан. **6**. Шэрхъ. **9**. ГуфIэгъуэ. **12**. Хьэлвэ. **13**. Жырыкъ. **14**. Блэр. **15**. Къунан.

● Щэнхабзэ

# Макъамэмрэ шэху уэздыгъэхэмрэ

**Iуащхьэмахуэ метр 3500-рэ удэкIа нэужь, укъыщыувыIэ хъу, «Мир» станцым щекIуэкIащ «Симфония Эльбруса» концерт гукъинэжыр. Ар къызэригъэпэщащ щIыналъэм зегъэужьынымкIэ «Кавказ. РФ» акционер зэгухьэныгъэм.**

ORCHESTRA of New Time симфоние оркестрым и концертым еплъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу цIыху 1000-м щIигъу. Гупым игъэзэщIащ симфоние макъамэ цIэрыIуэхэр, художественнэ фильмхэм («1+1», «Ангелы и демоны», «Interstellar», нэгъуэщIхэми) хуатха макъамэхэр. ЦIыхухэм гъэщIэгъуэн ящыхъуащ поп-музыкэ, джаз, рок жыпIэми, жанр зыбжанэ оркестрым зэрызригъэкIуар. Шэху уэздыгъэ мин щыблэрт концертыр щекIуэкIми, гукъинэж ящIащ ялъагъумрэ зэхахымрэ.

Концерт нэужьым Iуащхьэмахуэ лъапэ и хьэщIэхэм къыхузэрагъэпэщащ «Бгы къабзэ» фестивалыр. КIэрыхубжьэрыхухэр зэхуэхьэсын Iуэхум жыджэру хэтащ волонтёрхэр. Фестивалыр щекIуэкI махуэм, абы кърихьэлIахэр зыхуеину Iэмэпсымэхэр пщIэншэу ягуэшащ икIи бгым шэджагъуашхэ щрагъэщIащ, Урысей Ипщэм и артистхэм я концертым ирагъэплъащ, щIыналъэм и IэпщIэлъапщIэхэм я жармыкIэ, мастер-классхэр, къафэхэр къыхузэрагъэпэщащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Iуащхьэмахуэ лъапэ» щIыуэпс паркым и Iэгъуэблагъэм гъэм и сыт хуэдэ зэманми зэIуха «Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэр зыхуэзэр бгым и ипщэ лъэныкъуэращ. Бгы къежэхыпIэ зэгъэпэщауэ абы щыIэр псори зэхэту километр 17 мэхъу. Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрыщихьрэ илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ, «Кавказ. РФ» АО-м накъыгъэм щыщIэдзауэ жэпуэгъуэ мазэм пщIондэ а зыгъэпсэхупIэм екIуалIэхэм папщIэ егъэлажьэ «105 пикет», «ТекIуэныгъэм и лъагъуэ» щIыуэпс тхыдэ лъагъуэщIэхэр.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



# Багъ Идар дунейпсо зэхьэзэхуэм макIуэ

**«Presidents Cup - Pan Am (G3)» фIэщыгъэр зэрихьэу фокIадэм и 4 - 7-хэм Перум и къалащхьэ Лимэ щекIуэкIащ тхэквондомкIэ (ВТФ, Олимп джэгухэм хыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ) дунейпсо чемпионатым ягъэкIуэнухэр къызэрыхах, рейтинг баллхэр къыщахь дунейпсо зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ къэрал куэдым я спортсмен 500-м нэблагъэ.**

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ къыхэхам хэту абы щызэуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Пять колец» спорт академием и гъэсэн Багъ Идар икIи килограмм 63-рэ зи хьэлъагъхэм я деж дыжьын медаль къыщихьащ. Ди щIалэм зэIущIитху иригъэкIуэкIати, плIым щытекIуащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, кIэух зэхьэзэхуэр Бразилием и тхэквондист Эдуардэ Бареттэ иригъэхьри, етIуанэ хъуащ.

Апхуэдэуи, иджырей зэпеуэр мы гъэм жэпуэгъуэм тхэквондомкIэ екIуэкIыну дунейпсо чемпионатым зэрызыхуагъэхьэзыр зэIущIэхэм хыхьэу щытащ. Ди къэралми республикэми я щIыхьыр яIэту абы хэтынущ Багъ Идаррэ Бекъул Миланэрэ. ЖыпIэнурамэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэу УФ-м и командэ къыхэхам цIыхуитI къызэрыщыгъэлъэгъуар щIыхь зыпылъщ икIи тхэквондом зыужьыныгъэфI ди щIыналъэм зэрыщигъуэтам и щыхьэтщ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Multi European Games 2025» фIэщыгъэр зэрихьэу шыщхьэуIум и 28 - 31-хэм Сербием и Ниш къалэм щекIуэкIа, рейтинг баллхэр щат дунейпсо зэхьэзэхуэм Багъ Идар япэ увыпIэр къыщихьауэ щытащ.

Багъ Идаррэ Бекъул Миланэрэ ядэлажьэр УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Ахъмэт Амирщ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

● ЩIыуэпс



# Щысакъыпхъэщ, ауэ удэзыхьэхщ

**Къуршылъэ щIыпIэхэм, удэзыхьэх, гукъинэ пщыхъу теплъэ гъуэзэджэхэм уазэрыщрихьэлIэм и мызакъуэу, макъ телъыджэхэри щызэхыбох. Абыхэм, дауи, ящыщщ дызэсэжа джэрпэджэжыр. Псы щхьэфэм нэхърэ нэхъыфIу ар щызэхэпхыр шытхитIу зэпэщыт бгы лъагэхэм я зэхуакурщ.**

ТХЫЦIИТIЫМ яку дэзэрыхьа макъыр, къытригъэзэжурэ, зы джабэм жьэхэуэм, адрейм иридзыжурэ, куэдрэ зэхыбох. Езыр-езыру зи макъ зыгъэIуж бгыхэри мащIэкъым. Макъышхуэ къыщыIу хабзэщ мывэхэр джабэхэм къыщехуэхкIэ, уэсукхъуэхэр къыщежьэкIэ, бгыщIэхэмрэ къуэбэкъухэмрэ шэдыпсхэм щызэщIалъасэкIэ.

А псоми макъ зэпэджэж къыщыхэкI щыIэщ. АрщхьэкIэ, бгым дэкIхэм джэрпэджэжым зыдрагъэхьэхынкIэ Iэмал иIэкъым, абы узыхидзэнкIэ хъуну бэлыхьыр сыт щыгъуи ягу илъыпхъэщи.

ТхьэкIумэхэмрэ гумрэ едэхащIэ макъхэр зыгъэIуф къуршхэри щыIэщ. Ауэ «уэрэд жызыIэф» бгыхэр къыщыбгъуэтынур бгъуэнщIагъ зиIэ лъагапIэхэрщ. Гъуэжлау-гъуэдыдж здэщымыIэ бгыхэм нэхъыбэу щызэхэпхыр Iэуэлъауэ макъщ. Сыт, атIэ, къуршылъэхэм щызэхэпх «макъамэ хьэлэмэтхэр» къызыхэкIыр?

БгъуэнщIагъ нэщIхэм мымащIэу псы ящIолъадэ, апщIондэхукIэ абыхэм щIэт хьэуар зэхэзехуэн мэхъу. Абы къыщынэркъым. Псыр жьы зэрыта щIыпIэм щилъадэкIэ, иужьрейм бгъуэнщIагъыр къезэвэкI мэхъу. Уэшх къешхмэ, абыи псыщхьэр нэхъ лъагэжу къеIэт. Зэрытам кърахуа, «лей» хъуа хьэуам бгъуэнщIагъ гъуанэхэмкIэ къыдэкIыу щIедзэ. Мис абы щыгъуэщ макъамэ зэмылIэужьыгъуэхэм къэIун щыщIадзэри.

Ипщэ-КъухьэпIэ Китайм щыIэ Юньань-Гуйчжоу бгы зэтет телъыджэхэм ящыщ зым укъытехутауэ, ину Тхьэ уелъэIумэ (уи «тхьэ» къызэрихькIэ ущыкIиймэ), а щIыпIэм уэшх къыщешхыу жаIэ. Нэхъыбэрэ ущыкIиихукIэ, уэлбанэр нэхъ кIыхь щохъу.

Гаоличушань бгым и тхыцIащхьэ тафэм хыжьей гуп тетщ. Абыхэм ящхьэщыт хьэуар апхуэдизкIэ псыIэщи, гуо макъ гуэрхэм ягъэзджызджын фIэкIа хуейкъым, псы бахъэр уэшх щызэрыгъэхъуу къыщешхын папщIэ. Аращи, уэшх къыщебгъэшхынумэ - щыкIий е, нэхъ мащIэрауэ, ину щыпсалъэ!

Мыдрейуэ. «Псыкъелъэ» жыIэкIэм дызэресэжрэ куэд щIами, «мылкъелъэ» псалъэр къыщыдгъэсэбэпыр, дауи, зэзэмызэххэщ. А жыIэкIэм щыгъуазэхэр зэрымащIэми шэч къыщIытетхьэн щыIэкъым, апхуэдэ къэхъукъащIэм узыщыхуэзэнкIэ хъунур бгыхэм я закъуэщи.

Анхель псыкъелъэм нэхъ лъагэ ди планетэм темыту жаIэ. Ар къолъэ метр 1054-рэ зи лъагагъ нэпкъым! Ауэ Гималайхэм щыIэ Чатору мылкъелъэр абы нэхърэ хуэдитIкIэ нэхъ лъагэ бгыщ къыщежьэр!

Нобэ дунейм щыбгъуэтынущ бгъуэнщIагъ IэрыщI куэдыкIейхэр. Ахэр здэщыIэ щIыпIэхэр я лъагагъкIи зэхуэдэкъым, я кIыхьагъкIи зэщхькъым. Языныкъуэхэм яхэтщ, дунейпсо хы гущIыIум елъытауэ, метр 700-кIэ фIэкIа зызымыIэтаи метр 4750 лъагапIэм къеплъыххэри (зи гугъу тщIыр Перум щаухуа Геллер бгъуэнщIагъырщ). Зэтехуэркъым абыхэм ягъэзащIэ къалэнхэри: IэрыщI бгы гъуанэхэр щIыналъэхэр зэпызыщIэ гъуэгущ, адрейхэр хъугъуэфIыгъуэ гъэтIылъыпIэщ, ещанэр щIэныгъэм къигъэсэбэп гъэунэхупIэщ. Иужьрейм тещIыхьащ ди республикэм и бгылъэ щIыпIэхэм, нэхъ пыухыкIауэ жытIэмэ, Бахъсэн и псыхъуащхьэхэм щаухуа бгъуэнщIагъ абрагъуэр - нейтриннэ обсерваториер къыщызэрагъэпэщын папщIэ, мывалъэ-къырылъэр яугъуэну, километри 4-кIэ здыщыпхрыкIар.

«Бгы кугъуанэ» е «бгы кунэф». Куэдыр зэрыщыгъуазэщи, а псалъэхэри диIэщ. Апхуэдэу йоджэр бгъуэнщIагъ зиIэ бгышхуэхэм. Абыхэм я кIуэцIым ущызекIуэныр куэдкIэ нэхъ гугъужщ, езы бгыщхьэхэм утетыным нэхърэ, цIыху гъащIэм дежкIи шынагъуэ зыпылъщ. Пэжщ, зыгъэпсэхуакIуэхэр куэду здэкIуэ бгъуэнщIагъхэр, зэрыхабзэу, къэралым ехъумэ. А щIыпIэхэм ихьэхэр къезышэкIыни абыхэм якIэлъыплъыни щыIэщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Уралыр зыгъэдахэ Кунгур мыл бгъуэнщIагъыр, илъэс къэс цIыху мин 200-м нэс здэкIуэр. Абхъазыр зэрыгушхуэ АфоныщIэ (Новэ-Афон) бгъуэнщIагъ телъыджэу зи кугъуэр къалэ теплъэу кърагъэщIыкIар-щэ! Мыбы щIыхьэ дэтхэнэми нэгъэсауэ хужыIэнукъым абы щыпхаша лъагъуэ телъыджэхэм щрикIуэкIэ зыхищIэ гукъыдэжыр зыхуэдэр.

Бгылъэ щIыпIэхэм псыхъумапIэ щыпщIынуи электростанц щыбухуэнуи уасэ иIэкъым. Пэжщ, абы щхьэкIэ псыIущIэ лъагэхэр дэщIеин хуейщ. Абыхэм мылъку мащIэ ятекIуадэркъым, ауэ куэдкIэ нэхъ фейдэщ, тафэ щIыпIэхэм апхуэдэ псыIущIэ щыбухуэ нэхърэ. А щIыкIэм тету зэхуахьэса псым и къарур ину мэбагъуэ. Губгъуэхэм щIэбгъэлъэдэнуи къелыжынущ, щIыпIэм и къабзагъэми зэран зэрыхуэхъу щыIэкъым, хыжьей къэунэхуам и щхьэфэм, тафэхэм тращIыхьым хуэдэу, зыщиубгъуркъым. Абыхэм я Iэхэлъахэ щIыуэпсым (микроклиматым) зэрызрагъэхъуэжи щыIэкъым. Ар, зэрыхабзэу, мывалъэ е къырылъэ щIыпIэщ. Аращ Шэрэдж каскадыр япэщIыкIэ Тэрч псым тращIыхьыну я мурадами, иужькIэ ди республикэмкIэ къыщIахьыжар.

«ЩIыуэпсыр къэзэун хуейщ!» щыжаIэу щыта зэманыр блэкIащ. Ар фIыуэ лъагъун, дэлэжьапхъэу аращ нобэрей щIэныгъэм къызэригъэувыр. Мис абы щыгъуэщ дыкъэзыухъуреихь дунейм и дзыхь къыщыуигъэзынур. Зэрынэрылъагъущи, бгыхэри а псоми я зы Iыхьэщ.

*Тхыгъэри сурэтри* **АНЗОР Iумахуэ** *ейщ.*

● Футбол

**Фыдогъэблагъэ!**

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэ.***

***«Б» дивизионым и Япэ гуп.***
***ТIощIрэ еханэ джэгугъуэ***
**«Спартак-Налшык» - «Динамо-Ставрополь»**
***Налшык. «Спартак» республикэ стадион.***
***ФокIадэм и 13-м.***
***Сыхьэт 16-м.***

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.295
Заказыр №1982

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А